ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№28 (21.436) ● 2009 гъэм мазаем (февралым) и 14, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Мурад нэхъыщхьэр - еджапІэхэм я финанс-экономикэ щытыкІэр егъэфІэкІуэнырщ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІуплІэр иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къудзэ Бозий Натбий.

ЗАКОНОДАТЕЛЬСТВЭМКІЭ, къэрал уахунысІэмкІэ, щыІпІэ самоуправлензм и Іуэхухэмкіэ комитетым и унафэщІ **Абазэ Руслан** къыхилъхьэри, депутатхэр тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ кулыкъым и Іуэхуклэ» КЪБР-м и Законым зэхъэжЫныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектэм. Ар ягъэхъэзыращ апхуэдэ дыдэ федеральнэ документ къызэрыгъэтам кьыхэкІыу. Законопроектым зэрятымкІэ, республикэ законым тету муниципальнэ кулыкъыщІэхэм класс дЭщыгъэщІэхэр хуагъэув хуэнущ икІи дэтхэнэ кулыкъыщІэми я фІыщІагъэщІэхэр нэгъэщІ муниципальнэ ІэнатІэ щагъакІуэкІэ е лэжьапІэм щыІуагъэзекІыжкІэ кьыхуагъэнэну хуитщ.

«Зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэм, пщІэдзэ еджапІэхэм, курыт еджапІэхэм щІэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ и Іуэхущапі эхэм щІэнпІуэ щІэнигъэ щыгъагъэгъуэтыныжмкІэ къэрал щэсыпІэхэр пкагъэкІын папщІэ, дэтхэнэ зы щыхуэм тещІыхьауэ бюджет ахьыпІуэ хуагъэфІэщащ **Махуэлі Алим Анзор и къуэм** - Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КЪБР-м и Законым и проектым. Ар ягъэхъэзыращ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм къыщыхалъхьэн папщІэ.

Парламентым и лэжьыгъэр ягъэзэгъэщІэныжмкІэ, регламентымкІэ, депутат щхьэхэмкІэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир** къыпсэлъам едаІуэри, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ **Шаруимов Валерий Петр и къуэм** - КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министерствэм «Республикэ клиникэ сымаджэщ» и къэрал Іуэхущапіэм и дохутыр нэхъыщхьэ техникэмкІэ и къуэдзэм, **Мэзло Руслан БетІал и къуэм** - «Югстрой» ООО-м и генеральнэ директорым, **Баваш Владимир Валерий и къуэм** - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ линейнэ отделым и унафэщІ и къуэдзэм - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ управленэу Кавказ Ищхьэрэм и транспорт ІэнатІэм щыІэм и эксперт-криминалистикэ центрым и 2-нэ эксперт-криминалистикэ отделым и эксперт нэхъыжьым, милицэм и майорым, **Жырыкь Эдуард Ібий и къуэм** - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ Налшык аэропортым щыІэ линейнэ отделым и инспектор нэхъыжьым, милицэм и майорым, **Джэдугуэш Еленэ Владимир и пхъум** - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ транспортым щыІэ Налшык линейнэ отделым и штабым и унафэщІм, **Колесников Юрий Григорий и къуэм** - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ линейнэ отделым и инспектор нэхъыжьым, милицэм и майорым, **Джэдугуэш Еленэ Владимир и пхъум** - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ транспортым щыІэ Налшык линейнэ отделым и унафэщІм и къуэдзэм - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ Прохладнэ станцым и линейнэ отделым и оперативнэ дежурнэм, милицэм и лейтенант нэхъыжьым, **Барсуков Сергей Николай и къуэм** - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ управленэу Кавказ Ищхьэрэм и транспорт ІэнатІэм щыІэм и эксперт-криминалистикэ центрым и 2-нэ эксперт-криминалистикэ отделым и эксперт нэхъыжьым, милицэм и майорым, **Жырыкь Эдуард Ібий и къуэм** - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ Налшык аэропортым щыІэ линейнэ отделым и инспектор нэхъыжьым, милицэм и майорым, **Джэдугуэш Еленэ Владимир и пхъум** - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ транспортым щыІэ Налшык линейнэ отделым и штабым и унафэщІм и къуэдзэм - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ Прохладнэ станцым и линейнэ отделым следствиемкІэ и гупым я унафэщІм, милицэм и подполковникым, **ЛъэпкІапІашэ Мурат Мухьэрбий и къуэм** - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ транспортым щыІэ Налшык линейнэ отделым Котляревскэ станцым щыІэ и линейнэ пунктым и унафэщІм, милицэм и майорым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

Апхуэдэу Афганистан Республикэм интернациональнэ къалэныр щапхъэ ягъэлъагъуэу зэрыщагъэзэщам, хабзэмрэ законымрэ гъэбыдэныжмкІэ фІыщІэ ин эзрабгъэдэлъым папщІэ КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр хуагъэфІащащ **Махуэлі Алим Анзор и къуэм** - Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КЪБР-м щыІэм къалэн хэхахэр зыгъэзащІэ и милицэ гупым я командирым, милицэм и полковникым, **Мэкъауэ Леонид Іэмин и къуэм**- Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КЪБР-м щыІэм экономикэ щІэпхъаджагъэхэм еБэныжмкІэ и управленэм и къудамэм и унафэщІм, милицэм и полковникым, **Птичкин Андрей Евгений и къуэм** - Прохладнэ районым щыІэ ОВД-м жылагъуэ щынагъэншагъэмкІэ и милицэм гъэгъуэм щынагъуэншэу щыгъэкІуэкІыну Іуэхухэмкіэ и кьудамэм и унафэщІм, милицэм и подполковникым.

БАТЫР Любэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

ЩІэныгъэлІхэм я совету тІу къызэрагъэпэщ

КЪБР-м и Правительствэм мазаем и 12-м иригъэкІуэкІа зэІуІэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий зэрыщыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и деж кьыщызэрагъэпэщынущ ЩІэныгъэлІ щІалэхэмрэ Іэшіагъэлікэмрэ я советрэ ЩІэныгъэ-техникэ, инновацІэ лэжьыгъэм зегъэужьыныжмкІэ зэзыгъэлІу советрэ.

ЩІЭНЫГЪЭЛІ щІалэхэм я советым хэтынущ щІэныгъэ, егъэджэныгъэ Іуэхущапіэхэм я ІыкІуэу зи ныбжьыр илъэс 40-м щІигьуэ зэрыгъэхэр. Абы кьыпэщыт кьалэн нэхъыщхьэр щІэныгъэ къэхутэныгъэхэр, инновацІэ лэжьыгъэхэр езыгъэжІуэкІ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэр дэгъэжІьныырщ. Советым зыхуэфащэ Іуэхуэхэмрэ чэнджэщхэмрэ кьэрал властым и органхэм, щІэныгъэ, жьылагъуэ Іуэхущапіэхэм кьыщыхилъхьэну, КЪБР-м и щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм яхуэгъэзэа унафэхэр кьыщащтэкІэ хэтыну хуитыныгъэ иІэнущ. Абыхэм кьадэкІуэу, Советым ират мыхьэнэшхуэ зиІэ нэгъуэщІ зы хуитыныгъэ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІэкІэ къигъэлъагъуэнущ щІэныгъэмрэ инновацІэ Іуэхущапіэхэм УФ-м и Президентым и саугъэтыр зыхуэфащэу кьилытэхэр.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Ярин Андрей** зэІуІэм кьырихьэлІэхэм еЪэнэжьащ а проектыр тІэкІу зэрагъэзэхуэжу кьащтэну. Абы кьилытащ зи ныбжьыр зымащІэкІэ илъэс 40-м щхьэдэхэхэм я Іуэхуэм егупсысыпхъэу: «Дэ дыщыгъуэзэщ саугъэтыр щат махуэм ирихьэлІэу я ныбжьыр илъэс 40-м зэрыщыхьэдэхам кьыхэкІыу УФ-м и Президентым и саугъэтыр щІэныгъэлІ куэдым кьрамыту кьыззэрыпэм. Апхуэдэжу нэгъуэщІ гупэжм хэгъэхьэн хуейуэ кьыщІэкІынщ икІи Советым теухуа Положеннэм ари кьыщылытапхъэщ.

ЩІэныгъэ-техникэ, инновацІэ лэжьыгъэм зегъэужьыныжмкІэ зэзыгъэІу советым и кьалэнщ республикэм и къэрал властым и органхэмрэ щІэныгъэлІхэм я зэгъэхьэныгъэ-хэмрэ зэрызэдэлажьэр нубзыхуну. Советым хэтхэм щІыналъэ щІэныгъэ-техникэ, инновацІэ программэхэмрэ проектхэмрэ кьыхэхьыныжмкІэ, абыхэм ахьыпІ яхуэуІытІыпщынымкІэ зэпеуэхэм я экспертизэхэр кьызэрыгъэгъэпщІыкІэр ирагъэфІэжыну, КЪБР-м и щІэныгъэ-техникэ, инновацІэ зэфІэкІыгъэ тэмэму кьэгъэсэбэпыныбж хуэгъэза чэнджэщэр зэхъалъхьэну кьабгъэдохуэ. Апхуэдэу абыхэм ирагъэжІуэкІынущ республикэм и щІэныгъэ-техникэ, инновацІэ инфраструктурэм - технопарксэм, бизнес-инкубаторхэм, инновацІэ-производствэ комплексхэм я проектхэм я экспертизэ. ЗэзыгъэзыІу советым и пашэу щытыпащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Ярин Андрей. Абы проектыр кьыхэзэрыпхьэхэм ар зэрагъэзэхуэну, хэхаущ кьапщтэмэ, КЪБР-м гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Уянаев Казым хагъэхьэну чэнджэщ яритащ, сыту жыпІэмэ республикэм щыІэ промышленнэ лъэщагъэр зыхуэдэр кьэмылытащэу инновацІэ лэжьыгъэр пхуэзэгъэзэжынкьым. Апхуэдэу Советым хэтыпхъэщ КЪБР-м и муниципальнэ районхэмрэ кьаІэ округхэмрэ я Іэтащхьэхэр.

Хьэрычэт лэжьакІуэхэм налогхэм я лъэныкъуэкІэ худачых

Къабэрдей-Балъкъэрым щыкІэрагъэхунущ нэхъ къызэрыгуэкІыу тралъхьэ налогхэр зытхэм хуагъэуВ ставкэхэм. Процент 15-м и пІэкІэ дяпэкІэ ар процентым 10 хуэну арат. Абы теухуа унафэр кьыщащтащ КЪБР-м и Правительствэм и зэІуІэм.

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий** зэрыжиІамкІэ, нобэм кьэс нэхъ къызэрыгуэкІыу налогыр зытралъхьэхэм хуитыныгъэ яІащ а налогыр процэр зэхэту кьаІэрыхьэ хэхъуэм и процентн 6 е фейдэуэ кьаІэрыхьэм и процент 15 хьуу я ятыну. Дуней псом финанс Іуэхуэхэр зэрыщыІэзыІыхьам кьыхэкІыу, идкІы федеральнэ Налог кодексым халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм япкъ иткІэ, УФ-м и субъектхэм хуитыныгъэ яІэщ, налог зытхэр зыхьыхэ гупхэр кьалытэну, а налогыр процент 15 - 5-м кьэриубыдэу ягъэувыну. Мусуков Алий кьыхиІэщащ хэхъуэу кьаІэрыхьэм тещІыхьауэ налогыр зытхэм я дежкІэ процентн 6-р зэрыщІэрэзянэжьэр.

Мы унафэм кьару игъуэтынущ, ар республикэм и Парламентым щыпхыкІа нэужь.

МЕЧИЕВ Аскьэт,
КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

● Лэскэн куей

Хъумбылэкіэ ящІ щІакхъуэ

Илъэс куэд щІащ Лэскэн щІакхъуэр ди республикэм зэрыщыцІэрыІуэрэ.

ДИ ГУАПЭ зэрыхьунщи, «перестройкэм» дэкІуэдыжакъым мы Іуэхущапіэр, уеблэмэ и зэфІэкІым хэхъуэ зэпытщ. Іуэхущапіэм и унафэщІ Деунэж Ларисэ зэрыжиІамкІэ, зэгуэр лэжьэн зэрыщІадзэрэ кьащта щакхъуэпщыкІэм нобэ кьыздэсми текІакъым, кьагъэсэбэпри хъумбылэщ (хмель). Лэскэн щІакхъуэм щІэупщІэшхуэ иІэщи, цІыхуэр зэблэкІыу мэлажьэ, дэтхэнэ гупми мини 2-м нэс ягъажьэу.

Іуэхущапіэм и лэжьакІуэхэм я улахуэщ ику ину сом мини 7 - 8.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

● Дыгъуасэ

Метр зэбгъуэзнатІэ мин 244-м щІигьу

КЪБР-м Хуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэм и коллегиеи я дыгъуасэрей зэІуІэм щыІэзэхальхьэщ 2008 гъэм я лъжьыгъэм кьрикІуахэр.

МИНИСТР **Афэщагъуэ Михаил** докладым щІэрыщІэкІамкІэ, псори зэхэту нэгъабэ псэупІэу ятащ метр зэбгъуэзнатІэ мин 244,5-р. Ар илъэ ятА илъэсым яхуэзэфІэкІам процентн 3,8-кІэ щІегъу. Хуэныгъэ лэжьыгъэу ирагъэжІуэкІащ сом меларди 6-рэ мелуани 193,7-р и уасэ е 2007 гъэм ельытауэ процент 13,4-кІэ нэхьыбэ.

Афэщагъуэ Михаил зэщхьэщыхьауэ кьыгеуеввыащ министерствэм хьыхъэ ІэнатІэхэм я ІуэхущІафэу щытам, мы илъэсым нэхъыщхьэу кьапэщытхэмрэ я щІэрыпхъэмрэ.

ИужькІэ я лэжьыгъэр зыхуэдэм зэхуэсахэр хагъэгъуэзащ ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ министрым и кьуэдзэ **Кьхьуэ-Іуфэ Иринэ,** Прохладнэ кьаІэм дэт «Чырбыш» кьхьуэщын заводАОА-м и унафэщІ **Докторов Николай, «АЙ-Би-Си» компаниеи** и Іэтащхьэ **Попов Виктор,** «ИМАН-ООО-м и нэхъыжьэ **Сужаев Ахьмэт,** Налшык кьаІэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ кьуэдзэ **Сорокин Викторсыи.**

ЗэІуІэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Аппаратым и Іэтащхьэ **Геванкуэ Сультан,** Правительствэм и УнафэщІым и кьуэдзэ **Чеченов Ануар,** коллегием хьэлэхэр, ухуабэу я организацІэхэм я унафэщІхэр.

ЗэІуІэм зэрикІуам теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭЖЬІКЪАРЭ Алик.

● Гъуэздджэ

Бекъшокъуэ Алексей и псалъэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Псэм ипэ напэ

Мазаем и 12-м Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм ящІэ дыдэ къыщыгъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икІыу Къуржы-Абхъаз зауэм хэта щІалэхэм теухуа «Псэм ипэ напэ» документальнэ фильмыр. Абы къырихьэлІат а зауэм и ветеранхэр, хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэр, кьалэдэсхэр.

ФИЛЬМЫМ елпІыну къекІуэлІаахэр апхуэдизкІэ куэд хъуртэу, щысхэм къищынэмыщІа, щытхэр гьунэжт, щыІыхьэпІи-щІэкІыпІи иІэжьым жьыхуэІэм хуэдэт. Абхъаэым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Бекъшокъуэ Алексей кьеКІуэлІаахэм захуигъэзащ мыпхуэдэ псалъэхэмкІэ:

- Ди къуэш абхъаэхэми дэри зэи тщыгъупщэну кьыщІэкІынкъым а зауэм ихьа ди щІалэ пажэхэр, хьжьэхэр, пІыхъужьхэр. Ди пса, ди гъащІэ жамыІэу, щыщІэзмыгъазэу мыхъумыщІэмрэ кьуаншагъэмрэ пэщІэувахэт икІи ди лъэпкъ уардэм и щІэ ягъэпэжу, я кьалэн ягъэзэщІащ. ЩІэныгъэр, унагъуэр, лэжьыгъэр Іэщіы ящІу, ди кьуэш лъэпкъым кьащІжьыну зауэм зыуэнэтІа ди щІалэхэм ящыщу куэд тхуэхуэмащІэу, ауэ сэ быдзу си фІэщ мэхъу ахэр щІэблэм я щапхъэу, абыхэм дрипагэу дыхэрпІсэунур. Куэд и уасэщ апхуэдэ быІпхуэпІыныр! Нобэ ятА дыдэ утыку кьитхьэ фильмым илъэситым щІигьу едгъэхьащ. Режиссерми, макъамэтхми, ешІэгъэкІуэкІэми я Іуэху псори Іэщіы ящІри, гумызагъэу фильмым елэжащ. Сигуми си гъащІэм жамыІэу, щыщІэзмыгъазэу мыхъумыщІэмрэ кьуаншагъэмрэ пэщІэувахэт икІи ди лъэпкъ уардэм и щІэ ягъэпэжу, я кьалэн ягъэзэщІащ. ЩІэныгъэр, унагъуэр, лэжьыгъэр Іэщіы ящІу, ди кьуэш лъэпкъым кьащІжьыну зауэм зыуэнэтІа ди щІалэхэм ящыщу куэд тхуэхуэмащІэу, ауэ сэ быдзу си фІэщ мэхъу ахэр щІэблэм я щапхъэу, абыхэм дрипагэу дыхэрпІсэунур. Куэд и уасэщ апхуэдэ быІпхуэпІыныр! Нобэ ятА дыдэ утыку кьитхьэ фильмым илъэситым щІигьу едгъэхьащ. Ре-

● Зэпеуэхэр

Дыхэрыщыгъуазэщи, мы гъэм Хэку зауэшхуэр зэрихъэр илъэс 64-рэ, Советыдзэхэр Афганистаным кьызэрыращыжр илъэс 20 ирокъу. А Іуэхутеуэхэм ехьэлІа дауданщхэм ящыщ зы дыгъуасэ екІуэкІащ - зауэ гъэрдхэр гъэзэщІэныжмкІэ еджакІуэхэм я «Уэрэд жыдвгъэІэ, ныбжьэгъуэхэ!» зэпеуэм теІуахэр нАуэ кьащІащ.

ЗЭПЕУЭМ хэтащ Надлышк и курыт еджапІэхэм я гъэсэнхэр. Гала-концертыр лицей №2-м щекІуэкІащ. Абы кьырихьэлІат Хэку зауэшхуэм, Афган зауэм я ветеранхэр, зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Тхьэгъэлэдж Тимур, нэгъуэщІхэри.

- ЩІэблэм зэи щыгъупщэ хьунукъым я нэхъыжьхэм зэрахьа лІыхъужьыгъэр. ИкІагъэщІ нэхъыжьхэм пщІэ хуумышІыныр, умылытэныр, умыгъэлЪныр. Си гуапэ дыдэ хьунут ди ветеранхэм я деж фыкІуэу, зыгуэркІэ фадэІэпыкьыу, защІэгъакьуэу, нэгъуэщІ мыкъуми, фадэуэршэру щытатэмэ, - жиІащ Абдуллаевым, еджакІуэхэм захуигъазэу. - Фи фІэщ хьункьым ахэр зыкІэ кьыфщыгуфІыкІынущи... Фи гулытэ кьудейщ ахэр зыхуейр. НэгъуэщІ зыри хэзыкъуэкъым! Нобэ дыгъэрыбгъуфІа уэрэд дахэхэмкІэ идажьри хуэдэр фыкъыхьэну си гуапэщ. Фи щІэныгъэми зэчиІми зэкІэхъуэхуэу сыфхуохъуахъуэ.

Адэкіэ зэпеуэм щытекІуэхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ фІыщІэ тхылъхэмкІэ ягъэлъэпІащ икІи курыт еджапІэ № 5-м и уэрэдыщІакІуэ щыІкІэ ціыкІу гупэр ятекІуэу кьыхагъэщащ. Абыхэм Іэзэ дыдэу уэрэд жаІат. Гала-концертым и кІэм еджакІуэ цІыкІуэхэмрэ ветеранхэмрэ зэгъуэсу сурэт зытратэжащ.

БЕСЛЪЭНЕЙ Жансэт.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● КъыщыдэкІыжмкІэ, шынагъуи

Америкэм и Иридиум компаниемэ зэрыщыт щыІэгъ телекомуникацІэ спутникымрэ Урысейм и «Космос 2251» зауэ ашарагъымрэ мазаем и 11-м зэхэхьэуащ.

Ар кьыщыхьуам спутникитІри километр 805-кІэ ЩІым. Сыбыр лъэныкъуэм, щхьэщытт. Урысейм и спутникым ядернэ реактор тетауэ жаІэ. Ди къэралым Хьэрщ дэмкІэ и штабым и унафэщІ, генерал-майор Якушин Александр щыхьэт техъуащ «Космос 2251»-р зауэ Іуэхуэхэм зэрыщІэхьэ щытыпхъэ икІи жиІащ абы и кьуэхуэхэр ЩІымк, ИКСми зэран хуэмыхъуну. ИтІани, Америкэм и журналхэм ящыщ щым ядернэ реакторым техуауэ кьита хьыбарым а къэралым и щІэныгъэлІхэр кьегъэгъэзащ. Урысейм и хьэрщ дэмк и унафэщІхэм ящыщу зкІэ зыми зыри жиІакъым а реакторым теухуауэ.

Дыгъуауэ ягъэкъуаншэ

Урысей и Генеральнэ прокуратурэм и Следственнэ комитетым кьызэрыгъэлъагъэмкІэ, къэрал мылькушхуэ ядыгъуауэ финансхэмкІэ министрым и кьуэдзэу Сторчак Сергейр Волков Вадимрэ зэхьэгъуащ.

«Ахэр зыхэта коррупцэ Іуэхухэм я зэранкІэ, Урысейм фІэкІуэдащ сом зы мелардым нэс», - жиІащ следственнэ Іуэхущапіэм и унафэщІ Бастрыкин Александр. Урысейм финансхэмкІэ и министр Кудрин Алексей зэрыжиІамкІэ, абы и кьуэдзэр прокуратурэм и лъжьакІуэхэм зэрауБыдар министерствэм и лъжьыгъэм зэран хуохьу.

ХАМАС-м едэ

ХАМАС-м и политбюром и унафэщІм и кьуэдзэ Мусэ Абу Марзук зэрыжиІамкІэ, махуитІ ящІэрэ щыІэм кьрыубыдэу Газа секторымэ Израилымрэ мамырыгъэкІэ зэрыщІэгурыІуэм Іэ щІадз хьунущ.

Мусэ Абу Марзук я нэхъыщхьэщ къэралитІыр зэгурызыгъэІуэж Мысырым кІуа лЫкІуэхэм.

- Дэ Израилым илъэсрэ ныкъуэкІэ мамыру дыдэрэ зэуу дыарэзыщ, къэрал гъунапкъэм и зэрыкЪыпІкІри къызэІуахьыжмэ, сыт хуэдэ зауэ Іуэхухэри щагъэтмэ, - жиІащ Марзук Абу.

Сомыр пуд хьуну?

Дунейпсо экспертхэм къызэрабжьмкІэ, илъэс ныкъуэ нэхъыбэ дэмыкІыу, Урысейм и сомыр пуд пІащ хьункІэ шынагъэщ, щытыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зезыгъэхъуэжьыр Іуэхугъуэ кьыкъэмыкІащ.

Аоы и гъэтІылыгъэ фондыр доллар меларди 300-м нэс кьехуэхэмэ, адэкІэ сомым и курсыр иЫгъыным ахьыпІ хиІхьэжьыфынкъым. Мы гъэм дытехьат а фондыр доллар мелард 426,5-рэ хьуу. Центробанкым мазэ кьэс сомыр зэтеІгъэныжм доллар мелард 45-рэ хуэдизэ хуеутІыпІщ.

Сытым зихьуэжа?

Дунейпсо и политикэр кьыкъыпсэлъэж хьуа ящхьэ, Къуржым и президент Саакашвили Михаил зауэ Іуэхуэхэм зэрыхьыжьым хуэщІегъэжьа хуэдэщ.

ИтІани, абы Іэщіыб ищІыфыркъым зэи кьемыхьуІэну хьуэпсапІэщ.

- Къуржым зы хьужьнущ.

Абхъазымрэ Осетие Ищэмрэ Къуржым кьыгухьэжынущ. Абы дэ дыхуэкІунущ мамыру, дуней псор ди льэныкъуэ кьэтщІэр, - жиІащ Саакашвили махуэку кІуам парламентым кьыщыщыпсальэм. Абы щыгъуэми президент Саакашвили кьелытэ зэ Урысеймрэ Къуржымрэ я зэхуэныгъэ-кІуэжыфыну.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Мазаем и 14, *щэбэт*

◆Ильэси 185-рэ и пэ кьалъхуащ джьназ **Черкасский В. А.** (1824 - 1878). 1861 гъэм мэкъуэгъэмащІ хэхэр зэхуэ Урысейм кьыщызыщІыжа унафэр кьэзыщтахэм яхэтащ, Москва и унафэщІуи лэжьащ, нэгъуэщІ кьулыкъущхуэхэми пэрытащ.

◆ 1555 гъэм Кьрым хьан Дэут-Джэрий и дэзыхуэр адыгэщІым кьытеуат, ауэ ар адыгэхэм хуабжьу зэтракьутащ.

◆ Компьютерым пыщІа Іэщіагъэ зиІэхэм я махуэщ.

◆1836 гъэм Кавказым и зауэтхьэтх, адыгэхэм пыщІа псори кууэу зыджу дунейпсо щІэныгъэм пызыщІа, генерал-лейтенант **Потто Василий** кьышащІахуа махуэщ (1836 - 1911).

◆ Дыгъэр кьыщІэкІаш сыхьэти 7-рэ дакьикьи 10-м, кьухьэжынущ сыхьэт 17-рэ дакьикьэ 34-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъэ 24-рэ.

Мазаем и 15, *тхьэмахуэ*

◆Лъпхъ узыр зыпкъыт сабийхэм я дунейпсо махуэщ. Сабий онкологэм я Дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкІэ, къэрал 38-м Іуэху щащІэ абыхэм кьыпхъэтэну.

◆Урысейм и хэхакІуэ ныбжьыщІэм и махуэщ. 2008 гъэ лъандэрэ, УФ-м и ЦИК-м и унафэкІэ, мазаем и ещанэ тхьэмахуэ кьэс зэгухьапІэ, щІалэгъуалэр хэхьныгъэхэм кьыхашІэн мурадкІэ.

◆Ильэс 445-рэ и пэ (1564 - 1642) **Галилео Галилей** кьалъхуащ. Пасэрей Италием и щІэныгъэлІ цІэрыІуэщ. Аристотель и щыуагъэхэр игъэзэкІуэжри, иджырей механикэм и лъабжьэр игъэтІысащ. 32-кІэ нэхъ ину уэзыгъэлъагъуэ телескоп ищІри, Мазэм бгы зэрыщыІэр, Юпитерым спутникыу 4 зэриІэр, Дыгъэм ІэпапІэхэр зэрытелъыр, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэди кьыхуагащ.

◆1956 гъэм Москва щекІуэкІащ КПСС-м и XX съездыр. Абы Хрущев Н. С. кьыщыпсэлъащ Сталин щІэпхъаджагъэ зэрыщытам теухуауэ.

◆1960 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я союзыр кьызэрагъэпэщащ.

◆1932 гъэм кьалъхуащ адыгэ скульптор **Къалмыкъ Федор.** Ар 1982 гъэм дунейм ехыжащ.

◆Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикьи 8-м, кьухьэжынущ сыхьэт 17-рэ дакьикьэ 35-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъэ 27-рэ.

Мазаем и 16, *блыщхьэ*

◆ Литва Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ - 1918 гъэм я кьралыгъуэр зэфІагъэувэащ.

Мазаем и 16-м щыщІэдзауэ гъатхэпэм и 6 хьуу Женевэ (Швейцарие) ООН-м и Комитетым щригъэКІуэкІынущ лъэпкъ зэхэтхэжьыр гъэкІуэдыным теухуа 74-нэ сессэр.

◆ Мазаем и 16 - 17-хэм Санкт-Петербург щызэхэтынущ автомобиль промышленностым инвестицэ кьешэлІэным теухуауэ Урысейм иригъэкІуэкІ зэхьыльэхуэхэм ящыщ зы - III Автоинвест дунейпсо конференцыр.

◆Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикьи 7-м, кьухьэжынущ сыхьэт 17-рэ дакьикьэ 35-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъэ 30-рэ.

Плэнэнэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩІО Зарифи.

Лъэпкъ Іуэныгъэ:

Зи щхьэ мыузым уи щхьэ уз хуумыІуатэ.

■ Тхьэ ■ Малъхьэдис

КЪЭБЭРДЕЙ

Щэбэт къыдэкІыгъуэ

Мысостей теухуауэ

● ТхылъыщІэ

Мысостейр (Аруан) ныбжьышхуэ зиІэ, тхыдэр зи бащэ пасэрей адыгэ кьуажэщ. Абы зи цІэр зэрихьэр Мысостхэ Инал пщышхуэм и щІэблэхэм ящыщщ. А лъэпкъым кьахэкІащ Къэбэрдеим и тхыдэм щыщІэрыІуэ пщы лъэрызехьэ кэуэ - Тэтэрхъан, Щолэхъу, генерал Елмырзэ, Кашпий тенджызым и янэ картэр зэхэзыльхьа Долэтджэрий (Бековичи-Черкасский Александр). Пщы уэлийуэ щыта Бэмырзэ Тэтэрхъан и къуэр зи цІэр кьуажэм зэрихьэ пщы Мысост (1722 гъэм кьалъхуащ), абы кьыдежьащ Мысостхэ я лъэпкъыщІэр.

Апхуэдэ хьыбаркІэ еубІэ профессор Бекъул Хьэбас и кьаІэмыпэм кьыщІэкІауэ ящыкІагъэ дунейм кьытехьа тхылъыр - «Аул князей Мисостовых и уздения Торланова: связь поколений и времен (селение Урвань)», Апхуэдэ хьыбар гъащІэгъуэн куэд ущрохьэлІэ Бекъул Хьэбас и тхылъым - кьуажэм и тхыдэм, абы и цІэр жьыкъэ щызыгъэІуа щыхуэ ахъырзэманхэм ятеухуауэ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Афган зауэм лIыгъэ щызыгъэлъэгъуахэр 20

9-нэ ротэм щыщ гуп.
Афганистан, 1986 гъэ

Афганистаным къулыкъу щызыщIэ сэлэтхэм зыгъэпсэу ху.
Афганистан, 1987 гъэ

Индием узыщэ гъуэгу

● Тхыдэ

УРЫСЕЙМ Азие Курыт хьаныгъуэхэр ХIХ лIэщIыгъуэм къыщIэзуам, Великобританием Индиер Iэщ1агъэкIынкIэ щынэ кIыщтэри, ищхьэрэ-къуохьэпIэ лъэныкъуэхэмкIэ и тепщэгъуэр щигъэбыдзну мурад ищIащ. Великобританием зэрытриухуамкIэ, инджылыз-индие щIыналъэхэр Iэщ1эмыкIын папщIэ, Кабулрэ Гератрэ и нэIэ нэхъ тригъэтын хуейт. Индием узыщэ гъуэгур афган лъэпкъхэм я щIыналъэмкIэ кIуэцIрыкIырти, абыхэм зауэ ярищIылIэу, ахэр и унафэ щIигъэбыдзну мурад ищIат. Абы папщIэ, инджылызхэр афганхэм тIэунейрэ еэзуащ (1839-1842 гъ., 1878-1880 гъ.). Великобританием и мурад «дыщэр» етIуанэ зауэм кьехъулIащ - Британием и гъунапкъэхэмрэ Урысей пащтыхьыгъуэмрэ «я зэхуакум» 1896 гъэм Афганистаныр кьыдэхъуащ.

ХХ лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм Афганистаныр щхьэхуит хьуащ. Пакистанымрэ Афганистанымрэ я зэхуакIэ дэлъ зэгурымыIуэныгъэхэр фIэгъэнапIэ хуэхьури, США-р Афганистаным экономикэ и лъэныкъуэкIэ кьыдэмыIэпыкъуэкьхэхэ щыхьум, ар СССР-м щхьэусыгъуэ ящIри, Афганистаным зэпыщIэныгъэ, зэгурымIуэныгъэ ирищIылIэу, зыщIигъакъуэу щIидзащ икIи куэд дэмыкIыу Кушка-Герат-Кандагар, Термез-Мазари Шарифэ-Кабул-Джелалабад гъуэгушхуитIыр эрдуахуэ.

1960 гъэхэм Афганистаным къыщызэрагъэпэщат Тараки Нур Мухьэмэд зи унафэщI «Хальк» коммунист партыр. 1967 гъэм партым тIуэ зиугъэшьжащ, - «Хальк», «Парча», жиIэу. Иужьрейм и пашэ хьуащ афган дзэ зэщIэуэзэдахэм я дзэпщым и кьуэ Карималь Бабрак.

1973 гъэм мэкъуаугъэм и 17-м Афганистаным я пащтыхьыкIэ кьыгухьэ и кьуэшым - Мухьэмэд Даут Хьан - щIыналъэм зэхъуэжьыныгъэшхуэхэр къыщыхэщIигъэхьаери, къэралым и пащтыгъуэр ягъэкIуэдыжауэ щытат. Даут Хьаным и гуфIэгъуэм 1978 гъэм кIэ игъуэтащ - коммунист партхэм къыхэзрагъэпэща «Афганистаным и лъэпкъ-демократ парт» зэгухьэныгъэм Мухьэмэдыр и кьулыкъум традзащ икIи и Iыхьлы 30-ри езыри пальащ. Абы кьыкIэлъыкIуэу, къэралым и президенту Тараки захащ, Карималь Бабрак абы и кIуэдзэ хьуащ. Тараки, СССР-м кьыхъеплъэкIыу, ар зыдигъэIэпыкъууи щытащ, арац совет чэнджэщагъуэр мин бжыгъэкIэ Афганистаным я зэманым щыщыгар. СССР-р зэхущIэкъур гурыIуэгъуэт – Афганистаныр социалист къэралыгъуэ ящIыну арат. Ауэ Совет Союзми Афганистаным и президентми, я жагъуэ зэрыхьунци, а хьуэпсапIэр нэхуапIэ яхуэщIа- кым.

1979 гъэм афган цIыху кьыдэрыгъэкIэм зыщыкIащ, Совет властым и хуэмэбжьымэ я деж щагъэувыну ямыдэу. Правительствэм кьалэ нэхьыщхьэхэр зыгуэрэр эзтригъаныгъ, кьуажэхэмрэ жьлэжэмрэ зэпыщакъым. А ильэс дыдэм и накьыгъэ маэзм Хафизулла Амин премьер-министру хахащ. Хафизулла гущIэгъуншэу кьыщIэкIри, зыкьъэзыIэтхэм кьарукIэ япэщIэувын щIидзащ. Iутнакьэщхэм исхэр ихуэжьыртэкъым, ауэ, абы щхьэкIэ кьэмынэу, нэкьыбэ хьурт ирагъэкIуэкI политикэмкIэ мыарэзыхэр.

КьуохьэпIэмкIэ кьащыфIэIуэхутэкъым Афганистаным щекIуэкI Iуэхугъуэхэр, ауэ СССР-р абы тегъэзэжьырт, коммунизмэм епха гупсысэхэр Афганистаным щыжьыжьыпIэным. Кабул исламым и лэжьакIуэхэр тепщэщыщыхьуа лъэхъэнэм ирихьэлIэу, Совет Союзыр кьэгуэзэвэпащ – муслымэнхэм фIэщхъуныгъэкIэ я кьуэш узбекхэри, тыркуазэхэри, таджикхэри кьиэзщIагъэшуэу, Iуэхур хьэлэч хьупэнкIэ, абы кьыщыкнэмыщIа, США-р кьыхэбжьэтхъуэнкIэ шынэ кьиштащ.

1979 гъэм и фокIадэ маэзм Афганистаным и «яп1э министр» Хафизулла Амин Тараки иригъэукIри, езыи къэралым бжьыпIэр щичубащ, кьыдэмыщIэкри, щыхьэ имыIэу, игъэкIуэдын иублащ.

Хабзэншагъэм зиубгъуащ, афганхэр хамэ къэралхэм Iэпхъуэрт, къэралым и армэр зэпэкъухуакъырт, ирдзэм-ирдзэжым, Амин и тетыгъуэри «щыхупIэм щхьэщытт». Апхуэдэу щыхьэм, Амин Совет Союзым къельэIуащ, дэIепыкъуну.

Абы и жэуапу 1979 гъэм дыгъэгъаэзэм и кIэм СССР-м и дзэхэр Афганистаным ирищащ икIи дзэпыкъыныгъэ щIэльэуа, зи кьалэныкIэ щыгъуэ пэмыльпэщ Амин и унэм теуэри яуклащ. Властыр Iэрыхьащ совет къэралым и телъхьэ, «Парча» фракцэм и унафэщI Карималь Бабрак. Ауэ, кьыдэрыщIэкIамкIэ, а политикэ партым дэщIу, афган зауэм Совет Союзыр зэрыхэпIэхьуэм Iуэхур нэхъ Iейуэ зэIимыщIамэ, зыкIи нэхъыфI ищIакъым. Пакистанэр кьыздэщIу оппозицэм КьуохьэпIэм мылькукIи дзэкIи зыкъыщIитъэкIуащ. Кьуэкьпи Iунэгъуэм и къэралым зыбжанэ кьыгуэуващ. ЗэрыгурыIуэгъуэщI, абы Iуэхур хьэлэч ящIащ. Мусылъмэнхэмрэ коммунистхэмрэ зэрыщэпэщIэувар Совет Союзым зауэкIэ игъэсэбырыжыну щыхуэзфIэмыкIым, зауэр ильэсипщIкIэ екIуэкIауэ, 1989 гъэм и мазаем СССР-м и дзэхэр Афганистаным кьыришкащ.

1991 гъэм Америкэрэ Урысеймрэ Афганистаным Iэщ1э зэрыIэрамыгъэхьэнумкIэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ икIи 1992 гъэм властыр зауэполитикэ гупхэм я пашэ мусылымэнхэм яIэрыхьащ, къэралым «Афганистан Исльам къэралыгъуэр» фIэщыгъэ хуэхьури, президенту Моджаддиди Себгатулла трагъэуващ.

БЕСЛЪЭНЕЙ Жансэт.

Махуэшхуэм и щIыхькIэ

● Зэпеуэхэр

Советыдзэхэр Афганистаным къыхэрырашыжрэ илъэс 20 зэрикъум ирихьэлIу къыхэрагъэпэща махуэшхуэхэмрэ дауданщхэмрэ мазаем и 7-м зэхуаблащ икIи мазэм и 22 хьуху екIуэкIынуц.

МАЗАЕМ и 7-м Вольнэ Ауд дэт спортивнэ ухуэныгъэщIэм махуитIкIэ щекIуэкIащ армэ IэпщорызаэмкIэ республикэпсо эпеуэ. Ар къыхэрагъэпэщащ Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ. Дзэпыкъуэгъу хьуащ КъБР-м туризмэмрэ спортымкIэ и министерствэмрэ КъБР-м армэ IэпщорызаэмкIэ и Федерацэмрэ.

Махуэшхуэм кьрихьэлIат КъБР-м туризмэмрэ спортымкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн, зауэм и ветеранхэм я кьалэ советым и Iэтащхьэ Абдулаев Мустэфа, Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Тхьэгъэлэдж Тимур, зауэм и ветеранхэр, кьалэдэсхэр.

Армэ IэпщорызаэмкIэ эпеуэр кьыщIызэрагъэпэщам нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIащ - IофО-м и кубокым щIэбэнэнхэр иАуэ кьащIащ.

НыбжьыщIэхэм я хьэпсагъкIэ зыхьхьэ гупым яп1э увыпIэхэр щагубащ Хьэгъажей Кьазбэч, Кьудей Залым, Махьсидэ Замир, Гуппоев Альберт, Гериев Руслан, Нэгъуей Эльдар, балигъхэм - Къуэныкъуей Арсен, Нэгъуей Анзор, Хьэгъажей Инад, Туменов Альберт, Дохьу Мурат сымэ.

Нэгъуей Анзор техникэ лъщ кьигъэлъэгъуауэ, и эуэкIэкIэ адрейхэм нэхъ кьаэхщхьэхукIауэ кьалъытэри, саугъэткIэ ягъэлъэпIащ. Алихуэдэу зэуэкIэ телыджэ кьэзыгъэлъэгъуэ Шэрджэс Радмирэ Щомахуэ Альберти саугъэт щхьэхуэхэр хуагъэфэщащ.

ТАМБИЙ Тамарэ.
Сурэтыр **ЕлъкъЭН Артур** *трихащ.*

Дэтхэнэ зыми

ЗэрытщIэщи, Афган зауэм урысейм и щIыналъэ псоми я къуэ пажжэр хэтащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зи щхьэ хэзыгъэхьахэр машIэкъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу, а зауэм хэтащ щIалэ куэд. абыхэм ящыщу зауэм нэхъаш гъыу 55-м я гъащIэр. Зи гугъу тщIы Iуэхум екъэIа упщIэ зыбжанэкIэ дэ зыхуэдгъэзащ Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм ди республикэм щыIэм и тхьэмадэ Тхьэгъэлэдж Тимур.

Тхьэгъэлэдж Тимур

- Ар Бондарчук Федор триха «9-нэ ротэ» фильмым къыхэщыжкIа?

- 1979 ГЪЭМ дыгъэгъаэзэм и 27-м Совет Союзым и дзэхэр Афганистаным ирашаеу щытащ. Илъэси 9-р я мазитIым кIриубыдэу Афганистан зауэм совет сэлэт мин 600-м ящIтху хэтащ, абы хэм ящыщу цIыху 1800-р КъБР-м кIлаэу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди щIалэхэм щыщу сэлэт 55-р тхуэхъумакъым. 1989 гъэм мазаем и 15-м советыдзэхэр Афган щIыналъэм кърашыжащ. Тхыгъэхэм къыхэзрыхэщыжьмкIэ, а зауэм хэмIуэдащ совет сэлэту мин 15, хьыбарыншэу кIэдащ мин 13,5-р.

Тхыдэм ухэзбэмэ, аращ нэхъ гу зылъытатхъэу щыIэр, ауэ дэтхэнэмэ кьыгурыIуэу кьыщIэкIынщ а зауэм епха гуэзвэзгъуэмрэ сэлэтхэм яшэчамрэ псалъэкIэ кьыхэзрыпхъуэкIыжьэнур. Къэпщытэну нужь унхьэмк, абы зэман куэд ихьынущ. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, дэтхэнэ зыми лIыгъэ хэлъу, и кьалэныр хуэфащэну игъэзащIэу зауэм хэтащ икIи язныкъуэхэр кьыхэбгъэщхьэхукIыныр мыгъэмэну кьызоIлыитэ. Дауэ щымытами, ар зауэщ, зауэм псэ макъ, кьэрабгъэ кIуэу кьыщIэкIынкьым! Ар щыуэхурщ зи Iуэхур. Щыхуэхуэм лIыгъэрэ кьарурэ щIыхьэ-пIыр апхуэдэ зы Iуэхущи, щхьэк и кьалэн игъэзэщIэжауэ сэ абы сызэрегупсысыр.

– Адыгэ хабзэм и фIыщIэкIэ, дэ ди хьэдэшхэр нэгъуэщIу, ди щIалэхэр а зауэм зэрыхэтам къытхуитепсэлъыхьыт, Тимур.

- Сэ а уэ жьпIэр къызощтэ икIи, пэж дыдэу, ди щIалэхэр сытым дежи адрейхэм ефIэкIыу щытащ я IуащагъымкIэ, лIыгъэмкIэ, хахуагъэмкIэ. Ахэр зауэм нэхъ хуэхьэзыру пIэрэт адрейхэм нэхърэ жьпIэу, ущегупсыси къэхьурт. ЮФО-м и щIыналъэхэм икIа сэлэтхэм я бжыгъэр зэбгъащIэмэ, КъБР-м я пIэ увыпIэр иныгъащ. Ди республикэр щыкIуащ, ауэ щыхуу 1800-рэ зауэм игъэкIуащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи. ГъэщIэгъуэ нракъэ, адрей республикэхэм ебгъапщэмэ, хэкIуэдар нэхъ мащIэщ! Абы къегъэлъагъуэу ди щIалэхэм зауэм и пIалъэр, зауэкIэ, гупсысэкIэ, зыхъумэжьыкIэ зэращIэр, апхуэдэ Iуэхугъуэхэм хуэхьэзыру зэрыщытыр, кьапщтэмэ, я лъым зэрыхэтыр. Си псалъэхэм я щыIэхьэту кьыщIэкIынщ а зауэм кьыхэщхьэхукIа ди щIалэхэм медаль зэмылIэужьыгъуэхэр кьызэрыхуагъэфэщар, офицер, командир зыбжанэ кьаэрыхэкIар.

Зэрыкьыдащи, зауэм зыгуэр нэхъ кьыхэбгъэщхьэхукIыныр тэмэмкъым, ауэ IуэхэлI Амин и цIэр къизмэIуэу схуэзэфIэкIынукъым. - Пэжщ, 9-нэ ротэр тельыджэт, абы хэта щIалэхэри хьыжьэт. Псом яп1э дыдэ Афганистаным яшагъэм ящыщщ, Амин и быдапIэр кьыщацIэми яэгъащ. А ротэм кIуэну куэпIр тьрэкIт. Аdeveloper псом нэхъыфI нэхьыфIхэрат! Сыт хуэдэ Iуэхуми хуэхъэзырт, нэхъ мафIэ гуащIэ дыдэм, кьэгъаэз ямыщIэу, хьыхьэрт.

Щиголев Владимир, сержант:

- Жэщым ди бинхэр зэбгъэрыкIуэу хуежьат. Дэри, дыдэрифIэщкIэ, дапэщIэувэри, идгъэкIуэтыжащ. Зы сыхьэт зэрыдэкIыну, аргуэру апхуэдэ дыдэу кьытрагъэзэжащ... Сыхьэт 12-м кьрифыбдэу, 12-рэ дызэкIуащ. Ахэр кьызэрыгуэкI душманхэм, атIэ фIыуэ гъэса лIыуыкIэт. Пщэдджьыжьым зыщыгтпIыхьам, абыхэм я хьэдэхэм бгыр щаIуэ, ди пасыпI кьрихьэкIат! Зэ кьыттеуэжатэмэ, 9-нэ ротэм кIэ кьыдэтыну кьыщIэкIынут, зэрызытхъмэжьи зыри ткъуэпIыжьтэжьым. Iагъыньхэр, щэхэр щыдухьам, мывэ щедутIыпщащи кьэхъуащ! УIэгъэхуан, яукIан, зэхэдз дымыщIу, зы щIыпIэ дежи щызэтеткIуэтэрт. СощIэж, пщэдджьыжьым нэхуупIэ кьызэкIэщитхъыщ, лIакIэр щыгтпIэгъуам, дефыгъуат. Абыхэм шынэ ящIэжьыгъэкъым, яукIагъэххэт, гъэру яубыдынутэкъым.

Кардаполов Игорь, ефрейтор:

- Фильмыр гъащIэм къыщыхъуам фIыуэ ецIхыщ, ауэ псори техуэу схужьIэнукъым. Псалъэм папщIэ, абы хэта пщащэмрэ пIащIэ, абы хэта пщащэмрэ пьагъэныгъэмрэ теухуауэ зыри сщIэркъым. Ауэ пэжщ, Джокондэ жари, кьытхэтащ сурэтыщI щIалэщIэ. «Калашников» автоматI Iуцэ зрагъэкI щIащ. Душманхэм теухуауэ жысIэнуращи, ахэр кьызэрыгуэкI модджаедгъэкъым, атIэ «Черный аист» дзэм и заузэлIхэт. Абыхэм бзаджагъэ, щIэпхьаджагъэ зэрахьати, Алихьым и нэфIыр кьалэжьыжьым и гугъэу, дэ, «джаурхэм», дить ягъажэу, зыкъащIэхужьыну арат.

Прокопич Андрей, майор:

- Сэ кинофильмым и лIыхъужь нэхъыщхьэхэм ящыгъуэу зы батальоным кьулыкъу щысщIащ. Куэдым ящIэркъым а зауэ гуащIэм 9-нэ ротэр зэзэуа афган душманхэм я зэманым иджырэ зыми имыцIыху Бен Ладен Усамэ зи пашэ саудейхэри кьаэрыдзэIэпыкъуар...

ЗэрыщIэщи, Афган зауэм урысейм и щIыналъэ псоми я къуэ пажжэр хэтащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зи щхьэ хэзыгъэхьахэр машIэкъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу, а зауэм хэтащ щIалэ куэд. абыхэм ящыщу зауэм нэхъаш гъыу 55-м я гъащIэр. Зи гугъу тщIы Iуэхум екъэIа упщIэ зыбжанэкIэ дэ зыхуэдгъэзащ Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм ди республикэм щыIэм и тхьэмадэ Тхьэгъэлэдж Тимур.

- Ди зэгухьэныгъэр 1987 гъэм къэунэхуауэ щытащ. А зэманым кьэралым мыльку гуэрхэр кьыгухунутIыпщырти, Афган зауэм и ветеранхэм дадзэпэкъуэрт, псэупIэ щащIкIэ, защIэдгъакъуэрт, ныкъуэдыкъуэкъэ я хуитыныгъэхэр тхьэмэрт, льготэ кьахуэзгъэпэщырт, кьынэмыщIэрэ яхуэдгъэкырт. ИужькIэ ди кьалэн нэхъыщхьэхэм хэдгъэжьащ щIэблэм и хэкур фIыуэ ильагъуу, кьыщIхьэщыжьыфу гъэсэныр. Хабзэ тхуэхъуауэ, куэй-куейкIэ курыт еджапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, МВД-м и кьудамэхэм я гъжьакIуэхэм дахуоз, допсалъэ.

Псоми зэрытщIэщи, хабзэхэм захъуэжащ, зыри кьыздэпэпкъужькъым, зыми мылъку кьыгухунутIыпщыжькъым, дэ ди кьарукIэ зытIыгъыжу аращ. Абы щхьэкIэ кьэмынэу, ди ветеранхэм зэрытхуэзфIэкIкIэ защIыдогъакъуэ, зэIущIэхэр идогъэкIуэд, дызочэнджэщ. Советыдзэхэр Афганистаным щрашам, кьыщIрашыжьам, десантникхэм я махуэм ирихьэлIэу дауэдапщэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьызыдогъэпэщ.

- Ветеранхэм ехьэлIа сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэм нэхъ фыкъагъэзджэхэрэ нобэкIэ?

- Псом хуэмыдэу псэупIэм ехьэлIа упщIэхэр куэдщ. Ар сытым дежи щIалэ икIи щIыIэщ. НобэкIэ псэупIэ тэмэм зиIэр Афган зауэм и ветеранхэм я Iыхьэ щанэращ. Зэрыкьысащи, хабзэхэр яхьэжащ. Иджы а хабзэщIэхэм япкъ иткIэ, 2005 гъэм и щIышыпIэ мазэ лъандэрэ льготэ зыхуэгъэзэар езы ветераным и закъуащ, и унагъуэм зыкIи лъэIесырыкым.

- Тимур, пщэдей илъэс 20 нобкъу советыдзэхэр Афганистаным къызэрырашыжрэ. Ар дауэ зрагъэлъэпIэну фи мурад?

- Зэрыхабзэщи, Афган зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ сыным удз гъэгъахэр тыдолъхьэ, пэщIухэр идогъэкIуэкI. Илъэс 20-р бжыгъэ зэрырещи», нэхъ дгъэлъапIэнущ. Абы теухуауэ мы гъэм кьриубыдэу едгъэкIуэкIыну Iуэхугъуэхэр дубзыхуащ. Афган зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ сын куей кьэс щыдгъэзыену ди гугъэщ. КIэщIу жьпIэмэ, ди лIыхъужьхэр тщыгъупщакъым икIи зэн тщыгъупщэнукъым. ТпэкIи кьэдгъэнэнукъым ди щIэблэм ахэр яцIыхун папщIэ.

Зауэ уIэгъэншэ хьуркъым, зауэращ цIыхум и лIыгъэр бедзакъым щыхьур. Арами, сыхуейт ди бынхэм зауэр зищIысыр ямыщIэу псэуну.

Епсэлъар
КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIалэхэу Афган зауэм хэкIуэдахэр:

Налшык къалэ:
1. Костенко Игорь
2. Бекъул Аслъэн
3. Къалмыкъ Юрий
4. Мэзло Валерий
5. Будаев Олег
6. Теппых Иван

Прохладнэ къалэ:
1. Брянцев Николай
2. Козодеров Николай
3. Деменко Виктор
4. Кулак Владимир
5. Бибик Виктор
6. Есипко Сергей

Май куей:
1. Картльков Магомед
2. Косяченко Андрей
3. Козлов Сергей
4. Кищенко Олег

Бахъсэн куей:
1. Апэнэз Алим
2. Бесльэней Хьэсэн
3. Жименко Петр
4. Къарэмырзэ Борис
5. Ныр Аслъэн
6. Ныр Адэм
7. Ует Хьэмидбий
8. ХьэждыгIу Борис

Дзэлыкъуэ куей:
1. Щоджэн Хьэсен
2. Къэшэж Артур
3. Хамутенкэ Александр
4. Лыхь Мухьэб
5. Къалэжокъуэ Руслан

Аруан куей:
1. Чехун Василий
2. Мер Хьэсэн
3. Гъаэз Артур
4. Нэгъэсыгъу Хьэсэнбий
5. Джатэ Аслъэн
6. Къардэн Славэ
7. Шамшадов Байрам
8. Iэщын Замир
9. Бекъалды Аслъэн

Шэрэдж куей:
1. Къардэн Ратмир
2. Бозиев Азат
3. Бозиев Рэмэзан
4. Гадиев Руслан
5. Жазыкоев Исхьэкъ
6. Ульбашев Алим
7. Хасауов Магомед

Тэрч куей:
1. Джатэжьей Алик
2. Дыкъуэ Ахьмэтхъан
3. Ирыгу Виктор
4. НэкIацэ Юрий
5. Ходов Вячеслав
6. ВърылI Алексей

Шэджэм куей:
1. Шыкъ Анатолий

Iуащхьэмахуэ куей:
1. Хаджиев Юрий
2. Щэмырзей Арсен

ПэжыпIэмрэ хъыбарымрэ

Куэдым ятьэгъуауэ къыщIэкIынщ зи гугъу тщIа «9-нэ ротэ» фильмым. Абы къыпуэтэж лIыгъэр гум къызэринэр гъэщIэгъуэнкъым. Псом хуэмыдэу ди лъэпкъым дежи. ЗэрытщIэщи, а гупым я нэхъыщхьэу щытар адыгэлIщ. МахуэлI Алим иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым и ОМОН-м и унафэщIщ, и къулыкъу хуэфащэну зэрехьэ.

Дэнэ деж-тIэ пэжымрэ псымрэ щыхэлъыхьыр? А зауэ гуащIэр зыльэгъуа, зи хъыбар къетхьэжьа ротэм хэта зауэлIхэм дауэ къыщыхъуауэ пIэрэ фильмыр?

ФИЛЬМЫМ Iуэхур кьыхэзрыщIкIэкIыр мыпхуэдэущ: СССР, 80 гъэ хэм и кIэхэр. Армэм ираджа сэлэтибл Афган зауэ гуащIэм ягъакIуэ, ахэр зыхэхуа гупым (9-нэ ротэм) унафэ кьыхуащI 3234 пьагапIэр ящыдыну, дзэпыкъуэгъуэр кьэсхьуу ар яIыгъыну. Куэдым зэрамыгуГбауэ, лIыгъэ кьызытыкIыхуэкIа гупым Iэщ1э яIэщIэту, бийм я щыIб хуамыгъазэу, зауэм хокIуадэ. Абыхэм ящыщу гъащIэ зиIэу кьыхэкIар зы хьэкIэ. А зыращ кьэзыщIар зауэлIхэр зыпсэпIа дзэпыкъуэгъуэм 9-нэ ротэр ягу кьызэрымыкIыжьхэр.

И пэжыпIэкIэ зэрыщытар нэгъуэщIу.

«Магистраль» операцэр ирагъэкIуэкIыр. Ди десантникхэм Гардез-Хост гъуэгур кьащтат, кьызэрыщIэкIамкIи, а гъуэгум пэжжьэхэтэкъым 3234 пьагапIэр. А пьагапIэм утетмэ, километри 10-кIэ ихъуреягъым кьыщыхэр пльагъурт. Арат 9-нэ ротэр зДэщIыIэри.

1988 гъэм щыщIыIэм и 7-м сыхьэтыр 16-рэ дакъикъэ 30-м бийр ротэм хэуэн щIидзащ. Совет зауэлIхэр щIыху 39-рэ хьууэ арат, бийр 300-м щIигъур тI Зэхэуэр пщыдджыжьым сыхьэтыр 4 хьуху екIуэкIащ. ЩIалэхэр дзэпыкъуэгъу щыгугъыжьыхэрэтэкъым, пьагапIэм уэрыдцэкIуейр бийр здэщыIэ зыпкъыкъужьмкIэ къикI гъэурат, адрей пьэныкъуэхэр щыхупIэт. Ди сэлэтхэм я Iэщ1эмэ я кьащIыIэщIэуэхэм ирихьлIэу, дзэпыкъуэгъуэхэр нэсри, бийм хьэлэчыр хапъхьащ. Ауэ ротэм щыщу цIыхуи 6 хэкIуэдат, 12 уIэгъэ хьэпъэ хъуат. Зэхэуэм кьелаэхэр заощIэу кьрагъэ хьижащ, уIэгъэ хъуахэмрэ яукIаэмрэ иджыри махуэ 20-кIэ пьагапIэм тельащ, кьызэрырахьжьыну вертолетыр кьамыутIыпщу.

Сыт-тIэ иджы абы хьэпэмэту хэлыр, жьыбэнщ.

А лъагапIэм щыIэуа ди щIалэхэр зыхэта мафIэр Iущ1эу зэрыщытам щыхьэт техьэращ тельыджэр. Совет сэлэтхэм пьагапIэр кьыщащтам сантиметр 80 зи бгъуагъ мывэ блын ягъуватат. Зэхэуэм и нэхъ жьрэжьым ирихьэлIэу зы сэлэт и щхьэр кьиIэту щыщIипIыхьам, блыныр щыстыжьтэкъым! Зауэр апхуэдэкIэ Iуащ1эти, мывэ блыныр мафIэм зэрыIэгунэщIэщам зыми гу лъитатэкъым!

IэгъэщI хъыбархэри кьокIуэкI 9-нэ ротэм теухуауэ. Псалъэм папщIэ, хъарзынэщ гъэхъэзырауэ, ауэ нэхъ кьуейщIей, нэхъ хьыжьэ, хабзэншэ, гущIэгъэншэ, аркъафэ, наркоман сэлэтхэр зэуГу ящу, а гупыр кьыщэрагъэпэщащ, зэхэуэ хьэпэчI щыIэмэ, ахэр яп1э ярагъэщу (езыхэр зэрыгущIэм, я гъащIэм зэрыщымыСХьыжьым, зэрыщIыхьэмыгъазэм кьыхэзыкIу) кьекIуэкIащ. Абы щхьэкIэ кьэмынэу, 9-нэ ротэм нэхъ гуп пьэщэ зи Iуэхум нэхъ хэзыщIыкIрэ щыгъуэ жаIэ. Къыдыгъэ, кьыздэщIыгъуэ сэлэтхэр абыхэмкIэ ягъэшынэу щытащ, тэмэму кьулыкъу зумыхьэмэ, «9-нэм удгъэкIуэнущ, жаIэу.

Хьэлэмэтщ 9-нэ ротэм теухуауэ Бондарчук триха фильмым щхьэкIэ Афган зауэм хэтахэм жаIэр.

МахуэлI Алим, 9-нэ ротэм и командир:

- БгъэщIэгъуэну кьыщIэкIынщ, ауэ сэ фильмыр сигу ирихьащ! КъыщIэхъуэ щIэблэр абыкIэ бгъэсэну уасэ иIэкъым! 9-нэ ротэм теуауэ фильм тельыну хуит сыкъащIатэмэ, апхуэдэ дыдэут зэрытес хьинури. ДжэгуакIуэхэри хъарзынэ дыдэу кьыхащыпыкIат. Зытемыхэунэгъэ гуэркэр хэтами, зырикIи, ар шынагъэхьыш. Ауэ, фIыIэрэ, аркъафэрэ наркоманрэ яхэтакъым абыхэм. Пэж дыдэу. Фи нэгу кьыщIэкIрыхьэт, зауэлI ефам е наркоманым килограмм 40 зи хъэльагъ кIэрыщIэн и щIыбым илъу, бгъыхэм щызэхэзекIуэу! Дыхьэшхэнкъэ?!

Бостротин Валерий, полковник, 345-нэ парашют-десантыдзэм и унафэщI:

- Пэжщ, 9-нэ ротэр тельыджэт, абы хэта щIалэхэри хьыжьэт. Псом яп1э дыдэ Афганистаным яшагъэм ящыщщ, Амин и быдапIэр кьыщацIэми яэгъащ. А ротэм кIуэну куэпIр тьрэкIт. Аxэр псом нэхъыфI нэхьыфIхэрат! Сыт хуэдэ Iуэхуми хуэхъэзырт, нэхъ мафIэ гуащIэ дыдэм, кьэгъаэз ямыщIэу, хьыхьэрт.

Щиголев Владимир, сержант:

- Жэщым ди бинхэр зэбгъэрыкIуэу хуежьат. Дэри, дыдэрифIэщкIэ, дапэщIэувэри, идгъэкIуэтыжащ. Зы сыхьэт зэрыдэкIыну, аргуэру апхуэдэ дыдэу кьытрагъэзэжащ... Сыхьэт 12-м кьрифыбдэу, 12-рэ дызэкIуащ. Ахэр кьызэрыгуэкI душманхэм, атIэ фIыуэ гъэса лIыуыкIэт. Пщэдджьыжьым зыщыгтпIыхьам, абыхэм я хьэдэхэм бгыр щаIуэ, ди пасыпI кьрихьэкIат! Зэ кьэттеуэжатэмэ, 9-нэ ротэм кIэ кьыздэтыну кьыщIэкIынут, зэрызытхъмэжьи зыри ткъуэпIыжьтэжьым. Iагъыньхэр, щэхэр щыдухьам, мывэ щедутIыпщащи кьэхъуащ! УIэгъэхуан, яукIан, зэхэдз дымыщIу, зы щIыпIэ дежи щызэтеткIуэтэрт. СощIэж, пщэдджьыжьым нэхуупIэ кьызэкIэщитхъыщ, лIакIэр щыгтпIэгъуам, дефыгъуат. Абыхэм шынэ ящIэжьыгъэкъым, яукIагъэххэт, гъэру яубыдынутэкъым.

Кардаполов Игорь, ефрейтор:

- Фильмыр гъащIэм къыщыхъуам фIыуэ ецIхыщ, ауэ псори техуэу схужьIэнукъым. Псалъэм папщIэ, абы хэта пщащэмрэ пьагъэныгъэмрэ теухуауэ зыри сщIэркъым. Ауэ пэжщ, Джокондэ жари, кьытхэтащ сурэтыщI щIалэщIэ. «Калашников» автоматI Iуцэ зрагъэкI щIащ. Душманхэм теухуауэ жысIэнуращи, ахэр кьызэрыгуэкI модджаедгъэкъым, атIэ «Черный аист» дзэм и заузэлIхэт. Абыхэм бзаджагъэ, щIэпхьаджагъэ зэрахьати, Алихьым и нэфIыр кьалэжьыжьым и гугъэу, дэ, «джаурхэм», дить ягъажэу, зыкъащIэхужьыну арат.

Прокопич Андрей, майор:

- Сэ кинофильмым и лIыхъужь нэхъыщхьэхэм ящыгъуэу зы батальоным кьулыкъу щысщIащ. Куэдым ящIэркъым а зауэ гуащIэм 9-нэ ротэр зэзэуа афган душманхэм я зэманым иджырэ зыми имыцIыху Бен Ладен Усамэ зи пашэ саудейхэри кьаэрыдзэIэпыкъуар...



МахуэлI Алим

(КIэлыкIыгъэ. ПэщIэдзэр №26-м итщ).

Бгъэжьнокъуэ Барэсбий зэрыхуигъэфащэмкIэ, «зекIуэлIхэр пасэрей щакIуэбзэм ирипсальэрт, абы халъхьэжкIауэрэ езыхэм къаэзрыхуэсэбэпын ящIауэ. ИтIанэ, зекIуэлIхэм ялэжь псоми къыдэкIуэу, щакIуэхэрт. ГъэщIэгъуэнщ: мэкъумэщышIэжьрэ зекIуэм «щакIуэкIэ» фIэкI еджэу хуадэртэкъым, зекIуэм зэуэн, дыгъуэн Iуэхур зэрыпыщIар наIуэти». Къэгъольэгъуапхъщ, щакIуэбзэр къагурыIуэми, ирипсэльэну мэкъумэщышIэхэр зэрэхуимыгтар.

Гъатхэмрэ бкыхьхэмрэ шу пщыIэ къыщыIэрагъэпэщ зэманыр адыгэ щIалэгъуалэр гъэсэным теухуау э уасэ зимыIэт. Зауэм, Iэщэ къэгъасэбэпыным и закъуэтэкъым ахэр зыхуагъэхьэзыIыр, зыхуагасэр, атIэ нэхъыжьхэм я зэфIэкIыр къэзыщтэ щIалэщIэхэр гугъуехьым есэрт, бэшэч, хахуитэ яхэль хьурт, щыпIэр фIыуэ э къацIыхурт, н.къ.

Ефэ-ешхэ зэхаубламэ, щIэблэр уэрэдыжьхэм, хьыбарыжьхэм щIэдэIурт, лъэпкъ хабзэхэм щыгъуазэ зыхуащIырт, якъкIуэ хъуным зыхуагъаесэрт.

Шу пщыIэ къыщыIэрагъэпэщыым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу жыпIэ хьунут щым телэжьыхь пщылIкIэр зэрыхьумэн хуейр. ЗекIуэм и зэманым къриубыдэу пщымрэ я гъусэхэмрэ нэгъуэщI жылэхэм зэрытеуэм и мызакъуэу, езыхэм я цIыху, я Iэщ, щыхэр ирамыгъэдыгъун папщIэ захьумжьырт.

Шу пщыIэм зекIуэлIкIэр текIырт, къадыгъуар, къаэзуар кърахьэлIэрт. Арат абы гъунэгъу зыхуэпщIынуи, щекIуэкIым и хьыбар ущIэупщIэнуи щIамыдэр.

ЗекIуэм ехьэлIа нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри щыIэщ: адыгэм ЗекIуэтхьэ яIэу щытащ. КьызэральытэмкIи, ардыдэрат зекIуэлIым къыдэIэпыкъуфIнур, къыхуэсакъынур.

ЗекIуэ щежьэр махуэ хэхат: мэремыр, тхьэмахуэр махуэфIу ябжьырт. Гъэбжымрэ бэрэжьеймрэ насыпыр къыдэмыкIуэну къалытэрт. Шухэр дэкIа нэужь, ахэр псым эзэрымыкIауэ унэм пхъэнкIий ипх мыхьэуну жаIэрт. Ядэрт экъым къэтхэм я щIэ жыпIэу. УакIэлъыпIыну фIытэкъым. ЗекIуэ ежьам и анэм е и цIхьэгъэсэм кIэлъыгъэхуабэ ищIыну къытехуэрт. Мэ е джэд яукIыр ти, ежьам и Iыхьлы дыдэхэр къраджэрт. ИрамыгъэфцыуэнIа щхьэкIэ, хамэхэм щабэщIыкIрт унагъуэм ящыщ къыщIэрт.

ЗекIуэ ежьэхэм щхьэкIэ нэхъыжьхэм хьуэхьу жаIэрт, нэхъыбэу ар Тхьэм хуэгъэзат Ислъам диныр къащтэху - Тхьэшхуэм, иужькIэ - Алыхьым.

Я Алыхь!
Ди щIалэ жанхэр
Насыпым хуэщэсэху,
ГуфIэгъуэм хуепсыхьэу,
Шуупэ хуэпхьэжу.
ЗыхущIэкъу псори
къайхьулIэу,
ЛIэныгъэм кьыпимыуэжэу...
ЗыхуаунэтIым я Iыхьэ
кьыпахыу,
ЯлI къыщанэу
къыщIэмыпхъ уэжу,
Пхъэрыр къыщысым
трагъэувыIэу,
УIэгъэ къыщащIым
яхуэмыуфыду,
Удын ядзыр гущхъэм лъысу,
КъакIэлъыс псори
ирагъэпсыхьу,
ХъярапцIэ нэсхэр я Iэдзэжу,
ФIыгъуэкIэ кьытхуэхьыжхэ!

Ежьэхэм «уанэ махуэ тувылъкъ» жраIэрти, шым теуху ахъуэхьуи кIэлъыжкIэжырт:

Шыуэ фызытесыр жэрым
хуэнахуэу,
Нэбдзыпэщ1эпльхэу,
Хъджафэ псыгъуэхэу,
Я нэр зытеплъэр
яIэщIэмыкIыу,
Псы икIыгъуэм
хуэбжэнбланэпкъыу,
Къымм ихьэмэ,
кьыззэфIэмылIэу,
ЛIыуэ ятесхэр
кьытхуагъэгушхуэу,
Шхуэуэ япщIыхэлъхэр
ямытIэхуадзу,
Я лъэр быдзэрэ мылъэпэрапэу,
Я Алыхь, гъуэгуанэ дахэ
кьрахьэлIауэ
КьегъэкIуэлIэжхэ!

ЗекIуэ къикIыжакъм къуентхъ кьащIам и Iыхьэ нэхъыфIыр ЗекIуэтхьэм иратырт - жыг хэхахэм хуфIадзэрт. ЗекIуэлI Тебуде Мариньи (1793 - 1852 ггъ.) зэритхыжамкIэ, хы ФIыцIэм и Iуфэ щыпсэу адыгэхэм а хабзэр XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ пщIондэ яIащ.

ЗауэШХЬЭУСЫГЪУЭКIЭ зекIуэ ежьэн унафэр лъэпкъ псом кьыщыбгъэдэкIи, гуп щхьэхуэм е зы цIыхум кьыщыхилъхьи щыIэт. ЗекIуэ р лъэпкъым кьыззэригъэпэщмэ, дзэм шу пашэ хухахыр т, ежьэн гукъыдэжьыр цIыху щхьэхуэм ящIамэ, ар езыр зекIуэми дзэми и унафэщIт. НэхъапэкIэ зауэлI хахуэу, шууей Iэззу зыкъэзыгъэлъэгъуарат дзэпщ ящIыр. Ар псоми щапхьэ яхуэхьун хуэдэу, пкъыфIэу, узынщэу, къарууфIэу, щIыпIэри, хуабэри, мэжащIалагъэри, гугъуехьри и фэм дгъэхуэфу щытын хуейт. Абы кьыщынэмыщIауэ, дзэпщым иришэжьа гупым ГуныкIэ хуэхьуфыныр, гъуэгур, щIыпIэр фIыуэ ицIыжу, вагъуэхэр, нэгъуэщI нэщэнэхэр кьыгъэсэбэпкIэрэ, щIыпIэ мыцIыхуэмэ тыншу кьыкIыжыкIыфыныр и кьлэнт.

«Нэхъапэм, Пскьыкрэ Тэнрэ я зэхуаку дэлъ щIым и нэхъыбэм зыри щытемысам, шууей хахуэм Тэн и Iуфэ къэтIыс нэгъуэйкIэ, нэгъуэщI лъэпкъ Iэпхьуэщапхьуэхэм я шы гъарт эхр кьахурт, - «гъ Хьан-Джэрий. - ЩIыпIэ хамэхэр фIыуэ зэрацIыхум, абыхэм тыншу зэрихьэ-кьызэрикIыжьыфмыщхьэкIэ якIэрымылькIэралъхьэу, гъуаз эхр жинхэм япыщIауэ кьыщалытэ щыIэт. Ауэ щыхьэкIэ, гъуаз эхэм щыпIэгъэльагъуэу кьагъэсэбэпыр дыгъэр, мазэр, вагъуэхэрат. Гупым здаунэтIын хуей лъэныкъуэр зу пашэм кьрищIэрт жыр нэхьыбэрэ кьыздепщэмкIэ, нэгъуэщI нэщэнэхэмкIэ».

Мазэгъуэ жэщхэм уафэм кьрипхъэ вагъуэхэм кьыхалъагъуэкIырт Шыхульагъуэ, Вагъуэззэшлбгъуэ, Вагъуэщвагъуэр - гъуэгур ахэмкIэ кьагъуэтыжьырт, Дейжыг вагъуэмкIэ (Созвездие Лиры) сыхьэт бжыгъэр кьрашIэрт.

Кавказым ильэс зыбжанэкIэ кьудыкъу щызыщIа декабрист Якубович Александр зэритхыжамкIэ, «гъуаз эм и зэфIэкIымрэ жанагъэмрэ пхуэмыIуэтэным хуэдизщ. Жэщым я нэхъ кIыфIу уафэм пшэ щытельми, абы и шу гупыр щыгъуащэр зэзэмыззэхэщ. ХъумпIэцIэдж Iуащхьэхэри, жьигхэри, жьыри гъуэгугъэльагъуэу кьегъэсэбэп абы. Iуащхьэ цIыкIу гуэр деж къышюувыIэ, и гуфIакIэм дилъхьэурэ игъэхуэба и Iэр абы и лъэныкъуипIым кIэрилъхьэурэ, ищхьэрэ лъэныкъуэр дэнэкIэми щыуагъэншэу кьыхуощI». Апхуэдэ гъуаз Iэзэу щытащ адыгэ уэрэдыжь зыбжанэ зыхуауэса Ажджэрий Кушыкупщыр, тхыдэм лIыхьжжу кьыхэнар, Урыс-Кавказ зауэм и зэманым екъэлIауэ щыIэ урыс тхыгъэхэм зи цIэ мыззэ-мытIэу кьыхэщыр. Адыгэ уэрэдыжьхэм фIыуэ хэзыщыкI Кьардэнгъуэ Зырамыку а лIыхьужьым теухуауэ мыпхуэдэу итхащ: «Нэхъыжьхэм зэрыжаламкIэ, Ажджэрий и кьуэ Кушыку (XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ) зекIуэ екъэрей шууей цIэрыIуэу щытащ. Абы нэхъ Iэззу вагъуэхэр, нэгъуэщI нэщэнэхэр кьигъэсэбэпкIэрэ, щIыпIэ мыцIыхуэм кIуэуэ къэкIуэжьыф, гъуэгур тыншу кьызэгуфытыф щыIакъым. ЗекIуэ екъауэ жэщым губгъуэм щIатащ, а къувыIэр, дыя кьыхэжьхуитри, и гъусэхэм ар яригъэльагъуурэ, «дыкъыщыкIужжкIэ мыр къэтщтэкъынщ», - жиIэрти, шым кьемыпсыхьу ар щIым хитIэрт. КьышагъэзэжжкIи а щIыпIэ дыдэр щыуагъэншэу кьигъуэтыжьырти, «мис мыпхуэдэу кьыфхуэгъуэтыжьын хуейщ гъуэгур», - жиIэурэ, дыдыр щIым кьихиитхьэжьыр, ар хуэдэу лIы губгъыгъэ, шууей Iэззу щыпIэр фIыуэ зыщIыхут шу пашэ, дзэпщ ящIыр.

ЗекIуэ ежьэнумэ, абы шу джакIуэкъэр зэбгригъэкIырт, гъуэгу кьыдытеувэну хуейхэм щыIэзэхуэсыну зэманымрэ щыпIэмкIэ хъыбар яригъащIэу. Ауэ псори зэкъуэсу зрачыным нэсхьу щIежьэм и щхьэусыгъуэр пыухыкIауэ, шу пашэм кьищынэмыщIа, зыми ищIэртэкъыми аращ. «Шу джакIуэ зыкIэлъагъакIуэ» жыхуиIэ псэлъафэр аращ адыгэ Iуэрыlуатэм кьыщыхихари. ЗауэлI хахуэ, шууей Iэззу ятеIуэрт шу джакIуэ зыхуагъэзыгъэкIуар. Хьан-Джэрий зэрэтхыжамкIэм, зи лIыгъэкIэ, хахуагъэкIэ яцIыхум дежкIэ зекIуэ кьыдежьэн гуп зэхуэпшэсыным гугъуехь лъэпкъ пыщIатэкъым. Сыту жыпIэмэ, апхуэдэлIым джакIуэ зэбгригъэкIамэ, жылэм зауэлI нэсу дэсыр кьыззэхуэсынут.

Хьан-Джэрий кьыпещэ: «ЗекIуэ псалъэр захебгъэкIэмэ, нэхъыбэ яжепIэну хуейкъым, здэкIуэнуми щIэкIуэнуми щIэупщIэркъым, асыхьэту зрачын хъэзырщ. Мыбдежым Iуэхугъуитщ мыхьэнэр зэлъытар: зэркъхэм, лакъуэлIэшхэм цIэрэ щхьэрэ яIэу загъэIуну зэрыхуейримрэ, зекIуэм хьер, мыпхьку кьыкъэзыкъыну щыгупIэкIэрэ куэду зэрыщыIэмрэщ».

Урысыдзэм и офицеру Кавказым кьулыкъу щызыщIа Бларамберг Иван (1800 - 1878 ггъ.) щыхьэт зэрытехьэмкIэ, «мэкъумэщышIэхэм ящыщ зекIуэ кьыщыщдащтэ куэдрэ кьэхъурт экъым. Кьызыдащтэ-ни, щыздрашакъэр зауэлIэм я бжыгъэр нэхъыбэ ящIын щхьэкIэщ. ИкIи уэркъ-лакъуэлIэшхэм хуэдэу, мэкъумэщышIэм зауэлI нэс кьыкъэкIыр-кьым, абы Iэщэфи иIэкъым».

ЗекIуэм хэтынухэм я бжыгъэр цIыху минищым щынэси щыIэт, ауэ нэхъыфIыр гуп мыин зэхуэпшэсмэти, цIыхуитщым щегъэжьжауэ. Щэм нэс щыIэзэгухьэр нэхъыбэт. Уэркъым езым и зауэлI гуп къыхишэрт Iуэхум. ИкIи абы и лъэпкъ дамыгъэр (сэнджакъ) тету нып зэрихьэрт, жьижьэу укъапльэмэ, зауэм хэтыр кьырипщIэу. Екъутэныдж ЖысIэсэн зэритхымкIэ, апхуэдэ ныIыр щыщIэрт гъуэгу кьыдытеуэну щухэм я бжыгъэр (мы Iуэхугъуэм зэреджэр зэпэбащщ). Тхьэрыпуэ кьызэращтэу щудэдэм тIуэр зигуэшт. Зыр **шупэхутэкIэ** зэджэ уэркъыдзэр, дзэм и Iыхьэ нэхъыфIырати, ипэ иту кIуэнут. Адрейм, зи Iэщэ-фащэ нэхъ мыхьэнэнщэхэр зыхэтым, **шуукIэ кьалэкIэ** еджэрт, дзэм и ужь итуи кIуэрт.

Шуудзэр кьыщыIэрагъэпэщкIэ зи Iэщэ-фащэр мыхьэнэнщэм е зауэлI щIагъуэ мыхьунум и щыфIыр кьыIихуэу зиш мыщIагъуэ зауэлIыфIым иритыну шу пашэр хуитт.

ПщIэрэ щхьэрэ иIэщ жыхуаIэхэм хуэдэу, хабзэ зэрыхьуатэ, нэхъ ныбжь зиIэхэм ящыщу гупым **шухьэтий** хахырт. ГъэгIу теува вещь, зыр адрейм кьыкIэрымыхуу зэрыкIу зыным пылну, шу пашэм унафэ гуэр ищIамэ, ар ялтырГэ-Iэсрэ зэрагъэзащIэм кIэлъыплъу - арат шухьэтийм и кьалэныр.

ГъэгIу тетыхукIэ шупэхутэмрэ щуукIэ кьалэмрэ зэбгырыпту, ауэ зыр адрейм хэмыхьэу, хэмыззэрихьу кIуэрт. Шуудзэм ипэ иту тIасхъэщIэх ягъакIуэрт, **шугъуаззэхэри** ятIыпщырт. Нэхъыбэм деж бийм зыкъэрамыгъэщIэн щхьэкIэ жэщырат шуудзэм и гъэзгу щыхигъэщIыр. Ауэ шынагъуэ щымыIэмэ, махуэм гъуэгум тету, жэщым загъэпсэхуу ящIыр т. Жэщым зыгуэр якIэрымыхуэн щхьэкIэ шуудзэр зэрыIыгът, шу пашэр лъэбакъуэ щитI-щищкIэ псом ипэ иту, и фочыр уэздаеу иIыгърэ шым и тхьэкIымэм быдэу епльу кIуэрт, «Жэщым шыр нэхь сакъщ», - жаIэрти, абы и тхьэкIумитIыр «зэблигъэплъу», кьыхэпшыхьыкIыу щIидзамэ - уэри усакъын хуейуэ арат.

А зы гъуэгум ЧуэдрэгъуэмэЖ, зекIуэ хэщIапIэкIэ зэджэ кьыщыIуэ плъырхэр ягъэувырт, зызыплъыхьу жыг щхьэкIэм фIэсхэм **жыгыщхьэрыскIэ** еджэрт.

Я хэщIапIэр здэщыIэм зэрыщымыгъуэзэIам, зыми кьызэримыгъэтынум зекIуэлIхэм шэч кьытрамыхьэмэ, шыхэм уанэр трахт, лъахьэ иралъхьэрти ягъэхьуакIуэрт, мафIэ ящIыртти шхын пщтыр гуэр ягъэхьэзырырт. Ауэ мафIэ зэщIагъэст мыхъунымэ, кьызэдащта гъуэмылэм щыщт яшхыр. Уанэгу щхьэнтэр я щхьэм щIадзырт, уанэщIагъщIэтым тегъуалъхьэхэрт, щIакIуэр зытрапIэрти загъэпсэхурт. Уэшхым щызыхьумэри а щIакIу зрат, - щIым бай хIути, ар фIадзэрт. Гъэмахуэ жэщмэ, плырхэр щамыхьуэжыр нэхъыбэт, ауэ щымахуэмэ, зы жэщым тIэу е щэ зэрахьуэкIырт. Ахэр зыгъэуври якIэлIыплъри шу пашэрат.

Псы екъэх хуэзамэ, дзэр зэпрыкIын хуейти, апхуэдэу фIэкI мыхьунумэ, щэхуу жэщым зэпрысыкIырт. Бларамберг Иван абы теухуауи жеIэ: «Ахэр (*адыгэхэр* - **М. А.**) зекIуэ щежьэкIэ псым я нэхъ уэрым, куум кьингъэувыIэнукъым, сыту жыIэмэ, яшхэр псым зэпрысыкIыфу ягъэсащи». Псым щыззэпрыкIкIэ хуабжьу кьагъэсэбэпырт фэндыр. Абы и зы кIапэмкIэ я Iэщэ-фащэр, гъуэмылэр, щэпхьэ ирагъэзагъэрт, быдэу щхьэщапхыкIыжти, адрей кIапэмкIэ ягъэпщырт. ИужькIэ ар шы ныбэгъм кIэщIапхэрт. «А псор зэфIэкIа нэужь, - етх зауэм и урыс тхыдэтх Дубровин Николай (1837 - 1904 ггъ.), - я фочхэр уэздарэ Iэ ижьыжьмкIэ яIыгъуу, я пыIэм екIуэныкIуэ щэр дэлъу ящхьэрыгъуэу яшхэм мэщэсри, зэкIэлхьэжьжьу, шу пашэр псоми ипэ иту псым зэпрыкIын щIадзэ».

ЩIЕЖЬАУ щхьэусыгъуэмрэ зауэлIхэм я бжыгъэмрэ елъытат гупым ящIэну-илэжьынур. НаIуэу бийм бгъэрыкIуэу езэуэну я кьарум кьимыкIынумэ, щэхуу теэрт. ЗыIэрагъэхьэну хуей щIыпIэм е быдапIэм пшапэ зэхэуэгъуэу гъунэгъуэу бгъэдыхьэрти, уащхьуэдэмыщхьэуэ е бгъэрыкIуэрт, жэщ кIыфIым хэту кьызэрыIуэхьжьын щхьэкIэ. Бийр кьагъапIуэ ягъэщхьэрыуэнымэ куэдрэ ящIэрт: зыщIыпIэ гуэрым деж щатеуэ зэудэну защIти, кьаубыдыну я мурад быдапIэм е жьылэм я кьарум кьимыкIынумэ, щэхуу теэрт. ЗыIэрагъэхьэну хуей щIыпIэм е быдапIэм пшапэ зэхэуэгъуэу гъунэгъуэу бгъэдыхьэрти, уащхьуэдэмыщхьэуэ е бгъэрыкIуэрт, жэщ кIыфIым хэту кьызэрыIуэхьжьын щхьэкIэ. Бийр кьагъапIуэ ягъэщхьэрыуэнымэ куэдрэ ящIэрт: зыщIыпIэ гуэрым деж щатеуэ зэудэну защIти, кьаубыдыну я мурад быдапIэм е жьылэм я кьарум кьимыкIынумэ щэхуу теэрт. ЗыщIыпIэ щызэIэ хьэпщыпI щыгъуэ щыгъуэ кьашэри кьокIуэ, ахэр зэрагъэкIуэкIын мурадкIэ. ИкIи я Iуэхур хьарзынэу, кьокI». Главани зи гугъу ищI сондзэжрэхэм зекIуэм и зэманри, ар зэфIэкIыу ежьахэр я гъэ-кIуэлIэжри ящIэрти, зекIуэлIхэм я кьуэрэтхьэр щагъэшыж гъэмахуэгъэм е бжыхьхьэкIэм зыкъэрагъэхьэлIэрт.

ЗекIуэ кьикIыжхэр зыщIыIэм техьэж хабзэт. ИкIи абыхэм кьаIэрыхьаламэ, нэфI-ней зэмыльу кьахуэзыгуэшын зы цIыху, псоми дзыхь нэхъ зыхуащIу хахырт. Хьан-Джэрий зэрэтхыжмкIэ, къуентхъыр кьеIыхьэлIа цIыху бжыгъэм тещIыхьауэ ар ягуэшыжырт. Щрагъажьэр нэхъыжьхэм я дежт. Ныбжь зиIэм, - ар пщафIэ къудейуи ирехьуи, - ягуэшым япэу хагъадэрти, зыхуейр кьыхрагъэхырт. Псалъэм кьыдэкIуэу къэдгъэлъэгъуэнщи, гупым пщафIэу хэтым зекIуэм екIуэныху мэл е Iэщышхуэ яукIыурэ яшхам кьытраха фэр иратырт. Мыдрейуэ, я ныбжьым емылъытауэ, гупым пашэу яхэт пщым е уэркъым кьыхэклам и Iыхьэр щхьэхуэ зэлпльыхьат.

Адыгэхэм хабзэ зэрахуэхъуам тету, я пщыжьым зекIуэм хэхьэн хуэмыдэмкIми, абы и уэркъхэм кьрахьэлIам щыщ Iыхьэфl хухахырт. Псалъэм папщIэ, Нэгумэ Шорэ зэритхымкIэ, гъэ къащIахэм щыщ Iэщ е нэгъуэщI зыгуэр хуагъэфащэрт.

(КъыкIэлыкIуэнущ).

(КIэлыкIуэр. ПэщIэдзэр №26-м итщ).

Бгъэжьнокъуэ Барэсбий зэрыхуигъэфащэмкIэ, «зекIуэлIхэр пасэрей щакIуэбзэм ирипсальэрт, абы халъхьэжкIауэрэ езыхэм кьаэзрыхуэсэбэпын ящIауэ. ИтIанэ, зекIуэлIхэм ялэжь псоми кьыдэкIуэу, щакIуэхэрт. ГъэщIэгъуэнщ: мэкъумэщышIэжьрэ зекIуэм «щакIуэкIэ» фIэкI еджэу хуадэртэкъым, зекIуэм зэуэн, дыгъуэн Iуэхур зэрыпыщIар наIуэти». Къэгъольэгъуапхъщ, щакIуэбзэр къагурыIуэми, ирипсэльэну мэкъумэщышIэхэр зэрэхуимыгтар.

Гъатхэмрэ бкыхьхэмрэ шу пщыIэ кьыщыIэрагъэпэщ зэманыр адыгэ щIалэгъуалэр гъэсэным теухуауэ э уасэ зимыIэт. Зауэм, Iэщэ кьэгъасэбэпыным и закъуэтэкъым ахэр зыхуагъэхьэзыIыр, зыхуагасэр, атIэ нэхъыжьхэм я зэфIэкIыр къэзыщтэ щIалэщIэхэр гугъуехьым есэрт, бэшэч, хахуитэ яхэль хьурт, щыпIэр фIыуэ э къацIыхурт, н.къ.

Ефэ-ешхэ зэхаубламэ, щIэблэр уэрэдыжьхэм, хьыбарыжьхэм щIэдэIурт, лъэпкъ хабзэхэм щыгъуазэ зыхуащIырт, якъкIуэ хъуным зыхуагъаесэрт.

Шу пщыIэ кьыщыIэрагъэпэщым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу жыпIэ хьунут щым телэжьыхь пщылIкIэр зэрыхьумэн хуейр. ЗекIуэм и зэманым кьриубыдэу пщымрэ я гъусэхэмрэ нэгъуэщI жылэхэм зэрытеуэм и мызакъуэу, езыхэм я цIыху, я Iэщ, щыхэр ирамыгъэдыгъун папщIэ захьумжьырт.

Шу пщыIэм зекIуэлIкIэр текIырт, къадыгъуар, къаэзуар кърахьэлIэрт. Арат абы гъунэгъу зыхуэпщIынуи, щекIуэкIым и хьыбар ущIэупщIэнуи щIамыдэр.

ЗекIуэм ехьэлIа нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри щыIэщ: адыгэм ЗекIуэтхьэ яIэу щытащ. КьызэральытэмкIи, ардыдэрат зекIуэлIым кьыдэIэпыкъуфIнур, кьыхуэсакъынур.

ЗекIуэ щежьэр махуэ хэхат: мэремыр, тхьэмахуэр махуэфIу ябжьырт. Гъэбжымрэ бэрэжьеймрэ насыпыр кьыдэмыкIуэну кьалытэрт. Шухэр дэкIа нэужь, ахэр псым эзэрымыкIауэ унэм пхъэнкIий ипх мыхьэуну жаIэрт. Ядэрт экъым къэтхэм я щIэ жыпIэу. УакIэлъыпIыну фIытэкъым. ЗекIуэ ежьам и анэм е и цIхьэгъэсэм кIэлъыгъэхуабэ ищIыну кьытехуэрт. Мэ е джэд яукIыр ти, ежьам и Iыхьлы дыдэхэр къраджэрт. ИрамыгъэфцыуэнIа щхьэкIэ, хамэхэм щабэщIыкIрт унагъуэм ящыщ къыщIэрт.

ЗекIуэ ежьэхэм щхьэкIэ нэхъыжьхэм хьуэхьу жаIэрт, нэхъыбэу ар Тхьэм хуэгъэзат Ислъам диныр къащтэху - Тхьэшхуэм, иужькIэ - Алыхьым.

Я Алыхь!
Ди щIалэ жанхэр
Насыпым хуэщэсэху,
ГуфIэгъуэм хуепсыхьэу,
Шуупэ хуэпхьэжу.
ЗыхущIэкъу псори
къайхьулIэу,
ЛIэныгъэм кьыпимыуэжэу...
ЗыхуаунэтIым я Iыхьэ
кьыпахыу,
ЯлI къыщанэу
къыщIэмыпхъ уэжу,
Пхъэрыр къыщысым
трагъэувыIэу,
УIэгъэ къыщащIым
яхуэмыуфыду,
Удын ядзыр гущхъэм лъысу,
КъакIэлъыс псори
ирагъэпсыхьу,
ХъярапцIэ нэсхэр я Iэдзэжу,
ФIыгъуэкIэ кьытхуэхьыжхэ!

Ежьэхэм «уанэ махуэ тувылъкъ» жраIэрти, шым теуху ахъуэхьуи кIэлъыжкIэжырт:

Шыуэ фызытесыр жэрым
хуэнахуэу,
Нэбдзыпэщ1эпльхэу,
Хъджафэ псыгъуэхэу,
Я нэр зытеплъэр
яIэщIэмыкIыу,
Псы икIыгъуэм
хуэбжэнбланэпкъыу,
Кьымм ихьэмэ,
кьыззэфIэмылIэу,
ЛIыуэ ятесхэр
кьытхуагъэгушхуэу,
Шхуэуэ япщIыхэлъхэр
ямытIэхуадзу,
Я лъэр быдзэрэ мылъэпэрапэу,
Я Алыхь, гъуэгуанэ дахэ
кьрахьэлIауэ
КьегъэкIуэлIэжхэ!

ЗекIуэ кьикIыжакъм кьуентхъ кьащIам и Iыхьэ нэхъыфIыр ЗекIуэтхьэм иратырт - жыг хэхахэм хуфIадзэрт. ЗекIуэлI Тебуде Мариньи (1793 - 1852 ггъ.) зэритхыжамкIэ, хы ФIыцIэм и Iуфэ щыпсэу адыгэхэм а хабзэр XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ пщIондэ яIащ.

ЗауэШХЬЭУСЫГЪУЭКIЭ зекIуэ ежьэн унафэр лъэпкъ псом кьыщыбгъэдэкIи, гуп щхьэхуэм е зы цIыхум кьыщыхилъхьи щыIэт. ЗекIуэ р лъэпкъым кьыззэригъэпэщмэ, дзэм шу пашэ хухахыр т, ежьэн гукъыдэжьыр цIыху щхьэхуэм ящIамэ, ар езыр зекIуэми дзэми и унафэщIт. НэхъапэкIэ зауэлI хахуэу, шууей Iэззу зыкъэзыгъэлъэгъуарат дзэпщ ящIыр. Ар псоми щапхьэ яхуэхьун хуэдэу, пкъыфIэу, узынщэу, кьарууфIэу, щIыпIэри, хуабэри, мэжащIалагъэри, гугъуехьри и фэм дгъэхуэфу щытын хуейт. Абы кьыщынэмыщIауэ, дзэпщым иришэжьа гупым ГуныкIэ хуэхьуфыныр, гъуэгур, щIыпIэр фIыуэ ицIыжу, вагъуэхэр, нэгъуэщI нэщэнэхэр кьыгъэсэбэпкIэрэ, щIыпIэ мыцIыхуэмэ тыншу кьыкIыжыкIыфыныр и кьлэнт.

«Нэхъапэм, Пскьыкрэ Тэнрэ я зэхуаку дэлъ щIым и нэхъыбэм зыри щытемысам, шууей хахуэм Тэн и Iуфэ къэтIыс нэгъуэйкIэ, нэгъуэщI лъэпкъ Iэпхьуэщапхьуэхэм я шы гъарт эхр кьахурт, - «гъ Хьан-Джэрий. - ЩIыпIэ хамэхэр фIыуэ зэрацIыхум, абыхэм тыншу зэрихьэ-кьызэрикIыжьыфмыщхьэкIэ якIэрымылькIэралъхьэу, гъуаз эхр жинхэм япыщIауэ кьыщалытэ щыIэт. Ауэ щыхьэкIэ, гъуаз эхэм щыпIэгъэльагъуэу кьагъэсэбэпыр дыгъэр, мазэр, вагъуэхэрат. Гупым здаунэтIын хуей лъэныкъуэр зу пашэм кьрищIэрт жыр нэхьыбэрэ кьызздепщэмкIэ, нэгъуэщI нэщэнэхэмкIэ».

Мазэгъуэ жэщхэм уафэм кьрипхъэ вагъуэхэм кьыхалъагъуэкIырт Шыхульагъуэ, Вагъуэззэшлбгъуэ, Вагъуэщвагъуэр - гъуэгур ахэмкIэ кьагъуэтыжьырт, Дейжыг вагъуэмкIэ (Созвездие Лиры) сыхьэт бжыгъэр кьрашIэрт.

Кавказым ильэс зыбжанэкIэ кьудыкъу щызыщIа декабрист Якубович Александр зэритхыжамкIэ, «гъуаз эм и зэфIэкIымрэ жанагъэмрэ пхуэмыIуэтэным хуэдизщ. Жэщым я нэхъ кIыфIу уафэм пшэ щытельми, абы и шу гупыр щыгъуащэр зэзэмыззэхэщ. ХъумпIэцIэдж Iуащхьэхэри, жьигхэри, жьыри гъуэгугъэльагъуэу кьегъэсэбэп абы. Iуащхьэ цIыкIу гуэр деж къышюувыIэ, и гуфIакIэм дилъхьэурэ игъэхуэба и Iэр абы и лъэныкъуипIым кIэрилъхьэурэ, ищхьэрэ лъэныкъуэр дэнэкIэми щыуагъэншэу кьыхуощI». Апхуэдэ гъуаз Iэзэу щытащ адыгэ уэрэдыжь зыбжанэ зыхуауэса Ажджэрий Кушыкупщыр, тхыдэм лIыхьжжу кьыхэнар, Урыс-Кавказ зауэм и зэманым екъэлIауэ щыIэ урыс тхыгъэхэм зи цIэ мыззэ-мытIэу кьыхэщыр. Адыгэ уэрэдыжьхэм фIыуэ хэзыщыкI Кьардэнгъуэ Зырамыку а лIыхьужьым теухуауэ мыпхуэдэу итхащ: «Нэхъыжьхэм зэрыжаламкIэ, Ажджэрий и кьуэ Кушыку (XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ) зекIуэ екъэрей шууей цIэрыIуэу щытащ. Абы нэхъ Iэззу вагъуэхэр, нэгъуэщI нэщэнэхэр кьигъэсэбэпкIэрэ, щIыпIэ мыцIыхуэм кIуэуэ кьэкIуэжьыф, гъуэгур тыншу кьызэригъэтыф щыIакъым. ЗекIуэ екъауэ жэщым губгъуэм щIатащ, а къувыIэр, дыя кьыхэжьхэтри, и гъусэхэм ар яригъэльагъуурэ, «дыкъыщыкIужжкIэ мыр кьэтщтэкъынщ», - жиIэрти, шым кьемыпсыхьу ар щIым хитIэрт. КьышагъэзэжжкIи а щIыпIэ дыдэр щыуагъэншэу кьигъуэтыжьырти, «мис мыпхуэдэу кьыфхуэгъуэтыжьын хуейщ гъуэгур», - жиIэурэ, дыдыр щIым кьихиитхьэжьыр, ар хуэдэу лIы губгъыгъэ, шууей Iэззу щыпIэр фIыуэ зыщIыхут шу пашэ, дзэпщ ящIыр.

ЗекIуэ ежьэнумэ, абы шу джакIуэкъэр зэбгригъэкIырт, гъуэгу кьыдытеувэну хуейхэм щыIэзэхуэсыну зэманымрэ щыпIэмкIэ хъыбар яригъащIэу. Ауэ псори зэкъуэсу зрачынымэ нэсхьу щIежьэм и щхьэусыгъуэр пыухыкIауэ, шу пашэм кьищынэмыщIа, зыми ищIэртэкъыми аращ. «Шу джакIуэ зыкIэлъагъакIуэ» жыхуиIэ псэлъафэр аращ адыгэ Iуэрыlуатэм кьыщыхихари. ЗауэлI хахуэ, шууей Iэззу ятеIуэрт шу джакIуэ зыкъуагъэзыгъэкIуар. Хьан-Джэрий зэрэтхыжамкIэм, зи лIыгъэкIэ, хахуагъэкIэ яцIыхум дежкIэ зекIуэ кьыдежьэн гуп зэхуэпшэсыным гугъуехь лъэпкъ пыщIатэкъым. Сыту жыпIэмэ, апхуэдэлIым джакIуэ зэбгригъэкIамэ, жылэм зауэлI нэсу дэсыр кьыззэхуэсынут.

Хьан-Джэрий кьыпещэ: «ЗекIуэ псалъэр захебгъэкIэмэ, нэхъыбэ яжепIэну хуейкъым, здэкIуэнуми щIэкIуэнуми щIэупщIэркъым, асыхьэту зрачын хъэзырщ. Мыбдежым Iуэхугъуитщ мыхьэнэр зэлъытар: зэркъхэм, лакъуэлIэшхэм цIэрэ щхьэрэ яIэу загъэIуну зэрыхуейримрэ, зекIуэм хьер, мыпхьку кьыкъэзыкъыну щыгупIэкIэрэ куэду зэрыщыIэмрэщ».

Урысыдзэм и офицеру Кавказым кьулыкъу щызыщIа Бларамберг Иван (1800 - 1878 ггъ.) щыхьэт зэрытехьэмкIэ, «мэкъумэщышIэхэм ящыщ зекIуэ кьыщыщдащтэ куэдрэ кьэхъурт экъым. Кьызыдащтэ-ни, щыздрашакъэр зауэлIэм я бжыгъэр нэхъыбэ ящIын щхьэкIэщ. ИкIи уэркъ-лакъуэлIэшхэм хуэдэу, мэкъумэщышIэм зауэлI нэс кьыкъэкIыр-кьым, абы Iэщэфи иIэкъым».

ЗекIуэм хэтынухэм я бжыгъэр цIыху минищым щынэси щыIэт, ауэ нэхъыфIыр гуп

Зыгъэпсэхугъуэ мафхуэм Малъхэбзиц

● ЖыІэгъуэхэр

Псалъэр мыхьэнэ куэду зэщхьэщедз

●Псоми дефІэкІыу зыдгъэІуми, нэхъыфІыІуэхэм дыхабжэмэ, щэхуу догуфІэ.
●Губжьым гур къеГэкъабзэ.
●Гум щІыхьэнум, щхьэр хуиткъым, щхьэм ихьэнур, гум ищІэркъым.
●Щхьэмрэ псэмрэ ухэдзн хуей хъумэ, къыхэпхынум ухуэхьэзыр? (Псэр Іэпкъльапкъым и хьэщІэщи, нэмыс хуэщІ, ауэ хэгъэрей умыщІ).
●ІэпкъльапкъипщІыр куэдым ярокъу: гумрэ щхьэмрэ зыхуцыщІэм зищІэжыркъым.
●Жьажьэр екъэнумэ, унафэ ищІыну хуожьэ.
●Шыдым и хьэлэр ирикъумэ, вым Іуэдэу иокъу.
●ЯІэтыр нэхъ лъэщу зыІэтхэм къащоохъу.
●Іуэту тыншым зыдебГэхъэхмэ, ардыдэри къыптохьэлъэж.
● Псалъэр мыхьэнэ куэду зэщхьэщедз: щхьэж къыгурыІуэмрэ зыхуеймрэ кърех.
●Гуэзэвгъуэ къызыІэрысым и льапсэм псом япэу гудзакъэ зиІэр нос, езыр Іуэху щэху хэхуэмэ, зэфІэкІ зиІэм занщІэу лъбІэж.
●КъыстелІэм сыІуплъэ хъуркъым, си нэр къызыхуикІыр къысІуплъэм иолІыкІ, езыр и псэр зыхьэхуам и нэм бжэгъуу щІоуэ.
●Адэ-анэ гуГуеХьыр зыщымыгъупщэр гурыхуэщ.
●Бын диІащэрэт щІыжаІэр я щхьэращ, ауэ псори быным теухуауэ къыщІедзыж.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Шэ пэгун ныкъуэ

● Гушыльэ

ЖЭМкъыщэхуэнщэжурэ абы нрисондэждэрт ФІыщІэ. Бззэр зэжьхьэгъуэ къэс нэху мыщу ар абы къытехутэрт. «Дэ зы бэлъхьи къытхуэщэхункъым нобэ, ауэ нэгъуэщІ мыхъуми, тумэн зыгГІущ къысхудзэгъэкІын хуэдэу, моуэ зы шэ пэгун ныкъуэ хуэдиз къыщІэкІыу жэм ес къыпТІэрыхьатэмэ, зыгуэр дыхьынт», - аэхрат и гупсысэр ФІыщІэ ноби.

Зыгуэрми къыбГгъэдэмыувыІэу ешыху кьикІухьа нужь, ФІыщІэ гу лъитащ ДизыкІуэжэ зыбГгъэдэт жэм гъабжэ цІыкІум. Абы бГгъдыхьэри еупщІащ:

- Пщэрэ, ныбжьэгъу?
- Сощэ.

ФІыщІэ жэмыр къыхэпилпхьхьащ, и ныбжьри, и уасэри, дапщэрэ лъхуами зригъэщІащ. Къэнэжар зыт: шэуэ къыщІэкІыр зыхуэдизым щІэупщІатэжкъым.

- Сыт хуэдизэ къыщІэкІрэ зэ къэшыгъуэм? - зыхуигъэзащ абы жэмым бГъдэтым.

- Пэгун ныкъуэ, - кІэщІу жиІащ Дизыкъуажэ, ФІыщІэ и хъыбар зэкнат, абы и гуращэр ищІэрти.

- Пэжу къыщІэкІрэ?

- Ми ФІэщ мыхъурэ, си унэр бжесІэнщи, ущыхуей дыдэм жэмыр нысхуэшэж, - жиІэри и унэщІэр, и цІэр, и унэр зыхуэзэ щІыпІэр щэхуакІуэм къыхуригъэкІуэкІащ.

ФІыщІэ зыри пидзыжакъым. Абы и Іуэхур къикІат: зыхуей дыдэм хуэдэ жэм къыІэрыхьат, и уасэу щІитри гъапІэтэжьым, ліитІыр зэгурыІуащ, зым кІапсэ кІапэр нубыдщ, адрейм ахъшэр и гуфІакІэм диТхьэри, щхьэж и гъуэгу теувжащ.

Зы тхъэмахуэ нэхъ дэмыкІыу, нэрылъагъу хъуащ ФІыщІэ фейдэ кьидыдпІэу зыщыкгутъ жэм цІыкІум и шхэкІэмрэ и шэ къэтхьІэмрэ шурэ пъэсрэ эрэззхуакур...

Жэм цІыкІур мазэм нэскІэ егуГъупэу игъэшхащ, ауэ, сыт имыщІами, абы шэуэ къыщІэкІыр зы шынакъым хуэщІатэгъэкъым. Шымыхъужым, ФІыщІэ жэмыр зейм деж ишэжащ.

- Сыту Іейуэ сыкъэбГэпщІа, ныбжьэгъу, - зыхуигъэзащ абы Дизыкъуажэ.

- Сыт уэсщІар?

- Шэ къыщІэкІыркъым жэм къызэпщам!

- Дауэ къыщІэмыкІыу?

- Уэлэхьи, къыщІэмыкІ!

- Сыт хуэдиз къыщІэкІыу бжесІат?

- Пэгун ныкъуэ къыщІокІ жьиІати, Іейуэ сыкъэбГэпщІащ.

- ІтІэ, зыри къыщІэкІыркъэ?

- КъыщІокІ зы шынакъ хъурэ...

- АтІэ, кІуэжи, а шынакъыр пэгуным иредгъакІи, зэрыхъум епТыт. Ар пэгун ныкъуэ мыхъуу пэгуным из хъумэ, сытхъэгъэпщІу! - жиІэри Дизыкъуажэ унэмкІэ нунэтІыжащ.

ФІыщІэ сыт жиІэнт? КьыдигъэзыкІри къыдзэкІыжащ. Дизыкъуажэ жиІэр пэжт: дауэ, шэ шынакъыр пэгун ныкъуэ мыхъуу из хъунт?!

ЖЫЛАУ Нурбий.

● Псалъэжьхэр

Цыхум и цІэр езым зыфІещыж

♦ФІыуэ плъагъу Іуэхум Іэр хуэпсынщІэщ.
♦Іэщ Іагъэ зиІэ и Іэпэ дыщэ къыпощ.
♦Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуэІэщ.
♦Цыхум и цІэр езым зыфІещыж.
♦Сабий зэрымыс унагъуэр насыпынщэщ.
♦ЩІалэм ебГъэльагъур и гъуэгущ.
♦Зи жьэ куэд жиІэм и Іэ куэд ищІэркъым.
♦ЩІхьэхынэм и махуэ кІыхьщ.

● Адыгэ уэрэдыжьхэр

Жансэхъухэ я нысэм и тхьэусыхэ

Тхьэщ Іагъ кІэрэ зэдж мэзри зы мыщхьэ т, ней,
Ежьу: Уо!
И щхьэм щыхуарэз бГъэшхуэ гущэри зы
Ежьу: Уоу-ririри!

Жансэхъухэ къащІэныгъэ закъуэ,
Дэнэ мыгъуэмэ сэ усхьыжьыхэн?

Нэхъыщ Іэкі Іэрэ Жамборэмэст,
Нэхъ ескІэрэ Жамбэрэсэхьуэ:

Жансэхъухэ къащІэныгъэ закъуэ,
Дэнэ мыгъуэмэ сэ усхьыжьыхэн?

ЗекІуэшурэ пщІэгъуэлэ дахэр
Фызабэшь хабэзтн мэщыгъуэ.

Гъуапэншэурэ си афэ псыгъэр
Сэ зызгъэкІэрахъуэурэ солажьэ.

Жансэхъухэ фэ сыт щхьэкІэ
Фэ фи лэжьыгъэбэр мэкъутэ.

Кхъухьышх уэм сэ срикъутахуэт,
Хьышхуэм и гущІыІум сыкъонэ.

Пщышхуэурэ дыкъызыкъуэнэм
НабдзэкІэщІэшыр кьеублэ.

Урысым я шы гъашхэу дэ дагъашхэ,
ЛъхуэкъуэлІым я вы гъэшхауэ дэ
дашхыж.

ЩІыуэрэ узытезгъэувэр щІобэж,
Бэтэхъуэрэ уэрэсхьэр мэхашэ.

Жансэхъухэ къащІэныгъэ закъуэ,
Дэнэ мыгъуэмэ сэ усхьыжьыхэн?

- Мысостхэ я унэ сэ узохьыр!
- Мысостхэ я унэ я сумыхь, ди анэ!

Мысостхэ я фызэхэр я тепщэн,
Езыхэр пщы еру лъэпкъыу яІуатэ.

- Тохъуэмыщхэ я унэр сэ узохьыр!
- Тохъуэмыщхэ я унэ я сумыхь,
ди анэ!

Тохъуэмыщхэ я унэр гъуаниб лщ,
Бзаджэнаджибым я кІуапІэщ.

- Жансэхъухэ я щІалэ закъуэ,
Дэнэ мыгъуэмэ сэ усхьыжьыхэн?

Андзорхэ я унэм сэ узохьыр, -
Лакъэрыгушхэ щхьэкІэ
лыгъэншэхэщ.

Къуэгъулькъуэхэ я унэ сэ узохьыр, -
Закъуэрыгушхэщи лъэпкъ мащІэщ.

Арысейуэ хэкущхуэм сэ узохьыр, -
Пащтыхьыжьым щхьэпІыльапІэр и
куэдщ.

Истамбыл хэкужьым сэ узохьыр, -
Іэ пыупщІ-лъэ пыупщІ щыхабзэщ.

Къуалэжьымрэ уэрэкъыжьымрэ
зэхуэдэщ,
Уакъыкъу эмынэнкІэ сошынэ.

Къуалэр лы щигъуэтым щохуарэз,
Уэркъыжьыр былым щигъуэтым
щопсых.

Жансэхъухэ къащІэныгъэ закъуэ,
Дэнэ мыгъуэмэ сэ усхьыжьыхэн?

Ар пкІэльей зэпыщІэкІэ
Урды бГъуэнщІагъым ущыспІыт.

Я къуалэрэ я вындри мэхашэ,
Тхьэшхуэм и шэ фІыцІэр Тыжь Пакъ
къытихуэ!

КЪАЗИЙ и къуэ Хьэтохьуэщыкъуэ цыкІум пщыгъуэр иубыдыщ щхьэкІэ, Жансэхъу и быныр зэтриукІащ, цыхухъу я льэпкъым къринакъым. Ар дзэ къэна, цыхуб зэндзгъуэхэри нукІащ. Абы щыгъуэ, Жансэхъу и къуэхэм ящыщу Шужьей лЫжьыр Терки быдапІэм дэсу урысым я бжьыр щхьэкІэ. «Сэ лЫжь сыхъуащ, сиукІынкъым», - жиІэри, Шужьей къэкІуэжри и щІапІэм, Афэбгъум, итЫсхьэжащ. Жансэхъуэ я льэпкъыр мэкІуэдыпэ жаІэри, абыхэм я тельхьэхэм Шужьей лЫжьым щхьэгъуэ къыхуашащ, щэ хуу.

ХьэтІохьуащыкъуэ Шужьей лЫжьыр ГъэпщІагъэкІэ Іэтэрпуп ишэри, абы щекІужа хуэдэу, тхьэ щІыпІэ хуаІуащ, я шабэзэхэр щІызэпащІыкІащ, къыщыкІуэжьым Тыжьей къуажэм деж щиуклащ, Шужьей и шым зэрытесу абдежьщІалъхьэжри, Іуащ ыхэри тращІыкъыжащ.

МыдэкІэ уэнэдгъуэу кьэна цІыхубзыр, сабийр дунейм къытехьэмэ, яІэщІэуклэнущ жиІэри, Урды бГъуэнщІагъым Іэпхъуащ, абы къуэ къыщилъхьащ. ЩІалэ щыкІур гущэ хъыринэм ильу кІэрыщІауэ, ищхьэмкІи ищІагъымкІи зы псэущхьэ лъэмыІэсу абы щипІырт И анэр пкІэльей зэпыщІэкІэ абы екъиурэ, игъашхэ эр т. Апхуэдэуэрэ щІалэ цІыкІум кьикІухь хъуащ. Арати, зы махуэ гуэрым пщым и цІыхухэр и гъусэу щакІуэу Урды бГъуэнщІагъым и гъунэгъуу щІытт. ЩакІуэхэм я гъунэгъуу къуаргъыр кІийуэ къыхэпхъэтащ. «Абы зыгуэр елъагъу», - жаІэри, щакІуэхэр лъыхъуэурэ пкІэльей зэпыщІэр къагъуэтащ. БГъуэнщІагъым щехым, щІалэ цІыкІур гуфІэу къызыфІэтІысхьащ. «Батыргъэн лъабжьэу зи лъэпкыщ тхуэмыгъэгъущым ящыщу мыр», - жаІэри, жьгым ираудэкІри яуклащ. ЗыуклАуэ жьыхуаІэр Тыжь Пакъщ. КъуаргъыР зэрыхъэшрагъ «я къуалэ мэхашэ, я вынд мэхашэ, ТхьэшхуэМ и шэ фІыцІэр Тыжь Пакъ къытихуэ! щыжиІэр уэрэдым.

Нэгуэмэ Шорэ и тхыгъэхэм кьызэрыхэщымкІэ, бГъуэнщІагъым щІэсар тІу мэхъу: «...ИтІанэ зэкъуэшитІ Жанборимэсрэ Жанборисхьанрэ я атэлыкьыр я гъусэу бГъуэнщІагъым эщщагъэпщкІуАуэ къыщагъуэгри ятхьалэщ». Уэрэдми цІитІым дыщроохьэлІэ, ауэ иужькІэ мыпхуэдэ псалъэхэр кьыкІэльыкІуэ: Жансэхъухэ я кьащІэна закъуэ, дэнэ мыгъуэмэ усхьыжьыхэн?».

Зытхыжар КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыкуц.

● Псалъэр зыгъэІэфІ

Дыджыр зыгъэІэфІ

♥ Алэрыбгъур инщи, пхуэІэтыркъым, мывэкІэщхьыр куэдщи, пхуэщІыпркъым.
♥Ди чей цІыкІу махъсымэ изщ.
♥ ЗэнысэгъуитІ пхъэхь темыхщ.
♥Зи рэп папцІэ, зи кІэр гъуанэ.
♥ІэфІыр зыгъэдыдж, дыджыр зыгъэІэфІ.
♥ Уеплъмэ - банэ топ, и пэр умыльагъу.

Жэуапхэр:

Ибрагим Іэдэмэ.
Мастэ Нэдэ ЩІэлэгъуэ.
Гафэ, вагъуэ, Жан Іэмэрэ.

● Псынщ Іэрыпсалъэхэр

ГухъукІэ хугур ягу

●Мейм мищэ щыпыщэщым, щІэщэща пщІащэм мыщэ щопэщащэ.
●Ди пщІэгъуэлъэжьыр кІагуэ пэхущ, кІапэ хужьщ, кІэмажьэкІэщ, псы кІэнтхъ ифщ, псыуфэрыхъущ.
●Мыщэр пэщащэуэрэ мащэм ищэтащ.
●ГуахъуэкІэ хугур ямыгу, гухъукІэ хугур ягу.
●Бжьахъуэм и пыІэр хуэбжьхущ, бжьахъуэм и вакъэр хуэмыхъущ.
●ПхъащІэ ІэмэсымэІ. 29. Зимыхьэпшыл щэхуу зыгъэІкІуаСэ. 34. Гуэ гъэгъа ... е цы ... 35. Пщэдджьжьым ... пщІондэ сыжеящ. 36. КъуарГыым ... хуащІати, набдзэжиІащ. 38. Нартыху, хъуманІэ. 39. Псым и адрей лъэныкъуэр. 44. Губгъуэхэм, мэкъуПЭхэм зыцІрихьэлІэкъуалэбгъуэ цыкІу. 45. КъэкІыгъэ щхьэкІэ, хъэцэпэцэ хьэдзэр зрищІэкІ. 46. Лъагэу Іэта мэкъу хъуманІэ. 47. Уэс иратхъу, гъавэ иракІыщтэ. 49. Псэущхьэ хьилэщы. Адыгэ таурыхьхэм куэдрэ ущрохьэлІэ. 51. Хьэкъущыкъум щыщ. 54. Зэпымыууэ уэс зытель бгы лъагэ.

Зэхэзылъхьар МЫЗ Ахьмэдщ.



Псалъэзэблэдз

ЛъатІагъэ. 40. Хабзэм къемызэгъыу, щхэуу ят, зэІэпах ахьщэ. 41. Цыхуу ткІий, гущІэгъунщэ. 42. ГъукІэ Іэмэпсымэ. 43. Щыгъыным хищІэ хьэпІащІэ. 47. Гъавэ лІэужьыгъуэ. 48. Щымрэ гъуэ куу щызыщІ, хьэпІащІэр зи щхьныгъуэ псэущхьэ цІыкІу. 50. Шым и кІуэкІэ. 51. ... тедзапІэ. 52. Гъатхэм пасэу, уэс телъу, щІым къыхэж удз гъэгъа. 53. Хьэлымшэу зыгуэрэр Іуупэм зыщІ, зэзымыпэс. 55. Къэбэрдей композитор.

Къехуу: 1. Литературэ тхыгъэ. 2. Къъуейлъалъэ, кІэрТІоф дэлъу ящІ адыгэ щхьныгъуэ.. 3. Щыгъын. 4. Жыгхэр зи псэупІэ псэущхьэ кІэбаринэ цІыкІу. 5. Щхьэусыгъуэ гуэркІэ къуажэм дэкІауэ губгъуэм, мэзым зыщыгъэпщкІуу щыта. 6. Фэ кІапсэ зэрыхъам къыхэщІыкІауэ адыгэ цІыхухъэм зэрихьэу щыта вакъэ. 7. Налохэ Ахьмэдхъан, Заур сымэ зи Іуфэ къыщыхьуа псыежэх. 10 Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ. 11. Ин дыдэ. 12. Кьэзылъэтыхь, лъьиф хъэпІащІэ цІыкІу. 19. Пхъэ лошкІэ ІэрыщІ. 21. Бын. 23. Пасэрей Іэщэ. Иджыри къагъэсэбэп спорт хьэпшыпу, нэщанэкІэ ириэпеуэу. 24. А унэцІэр зэрахьэ жэмыш щІэрыІуэм - Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужьым, Урысей Федерацэм и ныхэбэ художникым, КъБР-м и министрым. 26. Джатэм и лъэпкъыгъуэ Іэщэ. 27. Къуадэ-чыщІув, удз зэщІэкІа. 28. ПхъащІэ Іэмэсымэ. 29. Зимыхьэпшыл щэхуу зыгъэкІуаСэ. 34. Гуэ гъэгъа ... е цы ... 35. Пщэдджьжьым ... пщІондэ сыжеящ. 36. КъуарГыым ... хуащІати, набдзэжиІащ. 38. Нартыху, хъуманІэ. 39. Псым и адрей лъэныкъуэр. 44. Губгъуэхэм, мэкъуПЭхэм зыцІрихьэлІэкъуалэбгъуэ цыкІу. 45. КъэкІыгъэ щхьэкІэ, хъэцэпэцэ хьэдзэр зрищІэкІ. 46. Лъагэу Іэта мэкъу хъуманІэ. 47. Уэс иратхъу, гъавэ иракІыщтэ. 49. Псэущхьэ хьилэщы. Адыгэ таурыхьхэм куэдрэ ущрохьэлІэ. 51. Хьэкъущыкъум щыщ. 54. Зэпымыууэ уэс зытель бгы лъагэ.

Зэхэзылъхьар МЫЗ Ахьмэдщ.

Мазаем и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: 3. Лашын. 8. Кьэрмокъуэ. 9. Амырхъан. 10. Къурмэн. 11. Іумахуэ. 12. «Лъапсэ». 15. Санэ. 16. ТІыхьужь. 17. Джэду. 20. Бзэгу. 23. Дарий. 24. Бэчыкъ. 25. Члисэ. 28 Гупсэ. 30. Іэжь. 32 Бекъул. 33. Дадз. 37 Хьымыщ. 40. Махуэку. 41. Жьыпхъэ. 42. Мэзытхъэ. 43 Пщэдджьжь. 44. Нащхъуэ.

Къехуу: 1. «Сэрмахуэ». 2. Къумахуэ. 3. Лэкъум. 4. Шэмэдж. 5. «Нанэ». 6. Ауан. 7. Махъсымэ. 13. Даур. 14. Тхъуэжь. 17. Джэдыгу. 18. Дурыс. 19. Зэчий. 21. Зэикъуэ. 22. ГуфІэгъуэ. 26. Абей. 27. «Аидэ». 29. Пэрыхьэт. 31. ЖьэкІэмыхьэ. 34. Мысыр. 35 Пащщ. 36. Вандэ. 38. Бжэн. 39. Хьэпэ.

НапжІуэщІыр зыгъэхьэзырар ЩІХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзщ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэ пажэхэр зочэнджэщ. Сурэтым щыпольагъу (*сэмэгумкІэ щыщІэдзауэ*) Джэлэс Таужид, Апажэ Назир, Бекъан Чыланий сымэ.

1974 гъэ

ПщІэжрэ?

ПЩЭДДЖЬЖЬЫМ автобусым сису лэжьапІэм сыкІуэрт. ЦІыхур Іувти, тЫысыпІэхэр зэпэубгат. Сэ сыщысти, сыкъыздэпльеймэ, зы лЫжь жьакІэху къысщхьэщытщ. Сыкъэтэжащ згъэтІысащ. «Упсэу, шынэхьышІэ», - жиІащ абы макъ щабэ гуапэкІэ.

ЛЫжьым упщІэ пыІэ хужь щхьэрыГът, джанэгъуэншэж щІыху щыгът. Ар къызоупщІ пенсэ фондыр зэщІыІэкІэ. «КъэуфыІэпІэм дынэмэ, сэри сикІынущи, уэзгъэльагъунщ, дадэ», - жызоІэ.

Арати, автобусым дыкъокІри, лъэсу докІуэ пенсэ фондыр зэщІыІэ льэныкъуэмкІэ. ЛЫжьыр щхьэпэльагэщ, и пкЫр захуэу зэфІэтщ. «Мыбы и ныбжьыр фІыуэ хэкІуэта хуэдэщ, итІани баши иныгъкъым, тегушхуауи мэбакъуэ, мэлэдец гъэрщ мыр», - жызоІэ сигукІэ икІи схуэмыщэчу соупщІ:

- Дадэ, емыкІу сыкъыумыщІ, зыгуэрКІэ сыноупщІынут: илъэс дапщэ ухъуа?

ЛЫжьыр къызопть:

- Уэлэхьи, шынэхьышІэ, сэ ныбжьыфІ сиЭм. Илъэсищрэ тхурэ сохъу.

- Сыту уи насып, - къызжьэдоху сэ.

ЛЫжьыр къэувыІэри, аргуэру къыщэплащ.

- «Уи насып» жыпІа? Пэжщ, сэ иджыри къыздэсым сынасыпфІЭуэрэ сыкъекІуэжащ. Зауэм сыхэтати, сыузыншэу къэзгъэзэжащ. Быни, бынхэм я бынижхэм къалъхужахэри слъэгъуащ. Пльагъункъэ, апхуэдизрэ ущыпсэукІэ! Пэж жысІэнщи, иджыри къэсГащІэр сфІэфІу, сфІэщІэщыгъуэурэ сыкъеКІуэкІащ, ауэ иджы, уэлэхьи, кьыстехьэлъэ хъуам. ГуГуащ, шынэхьышІэ, си ныбжьым уитыну. Зэгуэр уи ныбжьэгъуу щыгъасэр щымыІэжу, «пщІэжр?» - жыпІэрэ гупым зыхуэбгъэзамэ, «сощІэж», - жиІэу зыми жэуап къуимытыжкмэ, абы щыгъуэм укъэсжьауэ араКъэ? Аращ. НтІэ, мис ар сэ си нэгу щІокІ...

Абы хэту лЫжьыр здэкІуэм дыноси, сэ къызоГъэзэж. СыкъызздэкІуэжьым слъэмыкІыу согупсыс дадэм жиІам. Абы и пІэм зызогъэувэри, сыщІоупщІэ: «ПщІэжр?». Жуэап щыІэкъым. Псалъэр щыхьэрэ щэкІуэдыж.

Нащхъэ.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и депутатэхэмрэ **Аваневсьян Сергей Саркис и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Ковалевэ Аделандэ Семен и ихъурэ**-рылІам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъуэрыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Жьлаес Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и цэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещІанэ и кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жуаап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм я лэжьэныкъмкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; етъджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі Іэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аХэр зытхаХэм и пэу жуаап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдпажьм ихуэхьыщІ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щныкмкІэ жуаап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №11-0065-м щІыщу ящащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленриным и цэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жуаап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Хьэжькъарэ Алик, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1,2-нэ нап.)*, Табыщ Динарэ *(3,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Иуан Заирэ, *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ:* ЩакІуэ Мадинэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтыщІ* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №422